Министерство Просвещения Российской Федерации

Министерство образования и науки Республики Дагестан

Администрация МО «Город Махачкала»

МБОУ «Гимназия №11»

| Рассмотрено<br>на заседании ШМО<br>учителей родных языков<br>Руководитель ШМО<br>_____________<br>А.М.Махмудова<br>Протокол № 1<br>от 28.08.2023 г. | Согласовано<br>Заместитель<br>Директора по УВР<br>_____________<br>М.Ф.Алиева | Утверждено<br>Директор<br>_____________<br>З.Я. Дибирова<br>Приказ № 48-П<br>от 31.08.2023 г. |
| --- | --- | --- |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

учебного курса

«Аварский язык»

1-4 классы

Махачкала 2023 г.

# ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

Программа хIадур гъабулаго, кьочIое росун руго Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарт[1], гьединго Тарбия кьеялъул мисалияб программаялъулъ[2] загьир гьарурал цIикIкIараб кIваралъул мурадал ва масъалаби.

Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

1. НахъгIунтIиялъулаб мурад (мацIалъул хIакъалъулъ бугеб гIелмуялъул аслиял бутIабазулгун лъай-хъвай гьаби ва гьелъул кьучIалда цIалдохъабазул логикияб пикру ва гIаламаталгин символикияб бичIчIи лъугьинаби);

2. Социокультурияб мурад (цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб бажари лъугьинаби: кIалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб калам, гьединго, грамматикиял гъалатIал риччачIого, хъваялъул бажари цебетIезаби).

Гьединго байбихьул классазда авар мацI лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал тIуразе:

[1] Федералияб стандарт тасдикъ гьабун буго Россиялъул Федерациялъул лъай кьеялъул министерствоялъул приказалдалъун кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул лъеберадда цоабилеб маялда, № 286 (Россиялъул Федерациялъул юстициялъул министерствоялъ гьелъул регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабун буго кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул щуабилеб июлалда, № 64100

[2] Тарбия кьеялъул мисалияб программа тасдикъ гьабун буго гIаммаб лъай-кьеялъул федералияб цIалулгун методикияб цолъиялъул хIукмуялда рекъон (кIиазаралда къоабилеб соналъул кIиабилеб июналда хъвараб протокол, № 2/20).

а) тIолго инсаниябгин моралияб бечелъи ботIролъе боси, творческияб къагIидаялъ хIалтIиялъул бажари цебетIезаби;

б) сверухъ бугеб хIакъикъаталъул, гIадамазул жамгIияталъул ва тIабигIаталъул хIакъалъулъ лъималазул бугеб цо чIванкъотIараб бичIчIи бечелъизаби;

в) жалго жидедаго чIун, хIалтIиялъул къагIидаби лъай;

г) цIалул дарсазде, тIехьалде (лъаялъул иццалде) интерес бижизаби.

Авар мацI лъазабулаго, пайда босула аслиял дидактикиял принципаздаса. Гьелъул магIна ккола щивав цIалдохъанасул хаслъи хIисабалде боси, тартибалда материал лъазаби ва гьеб гъваридго бичIчIи.

## Курсалъул гIаммаб характеристика

Авар мацIалъул кумекалдалъун программаялъ кIвар буссинабун буго «Филология» абураб гIелмияб бутIаялъул гьал хадусел масъалаби тIуразариялде:

1. Дагъистаналъул мацIал ва маданиятал батIи-батIиял рукIиналъул ва гьел цоцада рухьарал рукIиналъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьинаби;
2. КIалзул ва хъвавул диалогияб ва монологияб калам цебетIезаби;
3. Цоцада хурхен гьабиялъулаб бажари цебетIезаби;
4. РухIияб ва эстетикияб бичIчIи лъугьин;
5. Творческияб къагIидаялъ хIалтIиялъул бажари цебетIезаби.

Рахьдал мацI малъиялъул мурадалде щвезе, программаялъ гьал хадусел практикиял масъалаби тIуразаризе рихьизарун руго:

– цебе лъураб мурадалда ва масъалабазда рекъон мацIалъул алатал тIасарищиялъул бажари, цIалдохъабазул калам, рекIелъ щибниги жо цебечIезабизеги гъваридго пикру гьабизеги бугеб гьунар цебетIезаби;

– авар мацIалъул гIуцIиялъул ва системаялъул, ай лексикаялъул, фонетикаялъул, графикалъул, орфографиялъул, орфоэпиялъул, морфемикалъул (рагIул гIуцIиялъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул хIакъалъулъ бищунго гIадатиял баянал цIалдохъабазе щвей;

– жиндирго пикру бицине, захIматаб гуреб хъвавул текст гIуцIизе,

диалогалъулъ гIахьаллъизе, битIун хъвазе ва цIализе бугеб бажари лъугьинаби;

– жиндирго калам камиллъизабизе хIаракат бахъи, мацI лъазабизе гъира бижизаби, мацIалъул бацIцIалъи цIунииялъулъ жалги гIахьалал рукIин цIалдохъабазда бичIчIи, гьезулъ мацIалдехун бугеб къиматаб бербалагьи цIикIкIинаби.

Авар мацIалъул курс байбихьула хъвазе-цIализе малъиялдаса. Хъвазе-цIализе малъула сентябралдаса байбихьун апрелалде щвезегIан. Лъималазда материал лъаялда бан, мугIалимасул ихтияр буго хъвай-цIали малъизе бихьизабураб заман дагь гьабизе, ялъуни цIикIкIинабизе. Хъвазе-цIализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгин синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цIали малъиялъул масъалаби цIализе малъиялъул дарсаздаги хъвадаризе ругьун гьариялъул дарсаздаги тIурала, ай хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щула гьабула, калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго.

Хъвай-цIали малъи гIуцIун буго кIиго бутIаялдасан:

1. ХIадурлъиялъул заман;

2. ХIарпал малъулеб (букварияб) заман.

Гьеб кIиябго заманалда мугIалимас унго-унгояб кIвар кьезе ккола лъималаз гьаркьал ритIун рахъиялде, гьезда хъвазе-цIализе малъиялде, гьезул рагIул нахърател бечед гьабиялде, калам цебетIезабиялде.

Дарсазда лъимал ругьун гьарула предложениял рагIабазде, рагIаби слогазде риххизе; рагIабазулъ гьаркьазул тартиб бижизабизе, гьезда гьоркьоб бухьен чIезабизе. Лъималаз лъазабула гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе; рагIаби, слогал гIуцIизе ва цIализе; бичIчIун, битIун цин слогалккун, цинги рагIабиккун предложениял ва цоцазда хурхараб калам цIализе.

ЦIализе ругьун гьариялда цадахъ лъималазда хъвазеги малъула. Гьел ругьун гьарула гьаркьал хIарпаздалъун хъвазе, къотI-къотIараб азбукаялъул кумекалдалъун хIарпаздасан, слогаздасан рагIаби данде гьаризе, хъвавул ва басмаялъулаб тексталдаса хIарпал ва рагIаби битIун хъвазе, мугIалимас

абурал хъваялъулъги цIалиялъулъги батIалъи гьечIел рагIаби ва гьединал рагIабаздасан данде гьарурал къокъал предложениял хъвазе, предложениялъул авалалда ва гIадамазул, хIайваназул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе.

БитIунхъваялъул ва цIалиялъул иш мурадалде щвеялъе гIоло цIикIкIараб кIвар кьола рагIулъ ва слогалъулъ щибаб гьаракь батIабахъиялде ва бихьизабиялде, гьел гьаркьазул тартиб ва цоцазда гьоркьоб бухьен чIезабиялде; цIалдохъабазул каламалъул лугби камиллъизариялде ва гьаркьал, слогал, рагIаби битIун абиялде.

Хъвай-цIали малъиялъул дарсазда лъималазул цогидазухъ гIенеккизе, мугIалимасул ва цогидал цIалдохъабазул калам тIубанго бичIчIизе бугеб бажари камил гьабула. Лъимал ругьунлъула классалда цере кIалъазе, мугIалимас лъурал суалазе жавабал кьезе, къваригIараб жо гьикъизе, цIалараб жоялъул, лъагIалил ункъабго заманалда жаниб гIадамаз гьабулеб хIалтIул хаслъиялъул ва хисардулеб тIабигIаталда хадуб жидерго халкквеязул, ралагьарал фильмазул хIакъалъулъ бицине.

Гьединго хъвай-цIали малъиялъул дарсал тIоритIулаго, цIалдохъабазул лъугьуна цIалиялъул бищун гIадатаб бажари. ТIоцебесеб классалда лъимал ругьунлъула бичIчIун, битIун, гIедегIичIого цIализе, тIехьгун ва текстгун хIалтIизе.

Хъвазе-цIализе малъулелъул, лъималазул психологиял хаслъабиги хIисабалде росун, мугIалимас дарсазда батIи-батIиял хIалтIаби тIоритIула, гьединго лъимал тIамула свак чучиялъе физкультминутка, расанди гьабизе ва кучIдул ахIизе.

Хъвазе-цIализе малъун хадуб, авар мацIалъул курс лъазабизе байбихьула. Авар мацIалъул курс гIуцIун буго гьал хадусел бутIабаздасан:

Фонетика ва орфоэпия, графика, лексика, рагIул гIуцIи (морфемика), грамматика (морфология ва синтиксис);

БитIунхъвай (орфография) ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидаби (пунктуация);

Калам цебетІей.

Программаялда авар мацІалъул курсалъул хІакъалъулъ, лъималазул гІелазул хаслъабиги хІисабалде росун, бищун гІадатал (авалиял) баянал кьун руго. МацІалъул гІемерисел бутІаби (разделал) ва темаби щибаб классалда такрарлъула. Гьелъ рес кьола, лъималазул лъаялъул даражаги хІисабалде босун, гьел мацІалъул бутІаби ва темаби гъварид ва гІатІид гьаризе.

Фонетикаялда ва графикаялда хурхараб аслияб лъайги, бажариги, ругьунлъабиги цІалдохъабазе щола 1 ва 2 классалда. Гьеб заманалда цІалдохъабазе щола гьаркьазул ва хІарпазул, рагьаралги рагьукъалги гьаркьазул, геминатазул ва лабиалиял гьаркьазул, алфавиталъул, ударениялъул ва слогалъул хІакъалъулъ авалиял баянал. Лъималазда бажарула рагІулъ гьаркьал битІун абизе, абураб ва хъвараб рагІулъ гьаркьал ва хІарпал дандекквезе, алфавиталда ругел хІарпазул цІарал битІун абизе, рагІулъ гьаркьазул тартиб чІезабизе, хІарпал гьоркьор риччачІого ва гьезул бакІ хисичІого рагІаби хъвазе, слогалккун рагІаби рикьизе, рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратІарахъизе, лабиалиял гьаркьал битІун абизе ва рагІулъ гьел хІарпаздалъун битІун рихьизаризе, геминатал битІун абизе ва рагІулъ гьел хІарпаздалъун битІун рихьизаризе. 3 – 4 классаздаги гьеб темаялда тІад хІалтІи гьабула гьоркьоса къотІичІого. Лъималазда малъула гьаркьал хІарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьал ритІун рахъизе, гьел рихьизарулел хІарпал ритІун хъвазе, рагІи слогазде бикьизе, рагІулъ ударение бугебги гьечІебги слог батІабахъизе.

Лексикаялда хурхарал хІалтІаби гьарулаункъабго лъагІалида жаниб. Гьединал хІалтІаби тІоритІула грамматика, рагІул гІуцІи ва битІунхъвай малъиялда цадахъ. Грамматикаялъул, цІалул, битІунхъваялъул ва калам цебетІезабиялъул дарсазда лъималазда лъала предметал, гІаламатал, ишал рихьизарулел рагІабазул цІарал ритІун хІалтІизаризе, жидерго пикру загьир гьабизе, къваригІараб рагІи балагьизе. Гьединго гьез лъай-хъвай гьабула синонимазулгун, антонимазулгун, битІараб ва хъвалсараб, цо ва гІемер магІнаялъул рагІабазулгун.

РагӀул гӀуцӀиялъулгун цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула 3 абилеб классалда. Гьезда лъала рагӀулъ магӀнаял бутӀаби рихьизаризе, суффиксазул кумекалдалъун цӀиял рагӀаби лъугьинаризе, кьибил цоял рагӀаби цого цо рагӀул формабаздаса ратӀа гьаризе; рагӀул форма яги цӀияб рагӀи лъугьинабулаго, аслуялъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал битӀун хисизе.

Байбихьул классазда малъула каламалъул бутӀабиги.

ТӀоцебесеб классалда, терминалги абичӀого, определение кьечӀого, суалазул кумекалдалъун, лъимал ругьун гьарула предмет, предметалъул гӀаламатал, предметалъул иш бихьизабулел рагӀаби каламалъулъ хӀалтӀизаризе, суалазда рекъон предложениязда жанир гьел ратӀарахъизе.

КӀиабилеб классалда предмет, предметалъул гӀаламатал, предметалъул иш бихьизабулел рагӀабазул кьучӀалда лъималаз лъай-хъвай гьабула предметияб цӀаралъулгун, прилагательноялъулгун ва глаголалъулгун.

Лъабабилеб ва укъабилеб классазда гьелго каламалъул бутӀаби дагьалги гъваридго малъула. Глагол заманазде хисизабизе, предметияб цӀар падежазде сверизабизе, гьединго прилагательноял жинсазде ва гӀемерлъул формаялде хисизаризе жеги гӀатӀидго ругьунлъула. Предметияб цӀаралъул, жинсиял глаголазул, прилагательноязул жинс, цолъул ва гӀемерлъул форма, глаголалъул заман ва мурадияб форма малъула 3 абилеб классалда. Предметияб цӀаралъул гӀадатал падежал лъазарула 3 абилеб классалда, бакӀалъул падежал – 4 абилеб классалда (терминалги абичӀого, практикияб къагӀидаялъ). Гьелда тӀадеги, 3 – 4 классазда цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула цӀарубакӀалъулгун ва рикӀкӀеналъулгун. Наречиялъулгун лъималаз лъай-хъвай гьабула практикияб къагӀидаялъ. Наречиялъул хӀакъалъулъ гьезда лъала жиб иш лъугьараб куц, бакӀ, заман, къадар, гӀилла-мурад баян гьабулеб каламалъул бутӀа кколеблъи ва кин? киб? кибе? киса(н)? кида? щай? кигӀан? абурал суалазе жаваблъун бачӀунеблъи.

Байбихьул классазда предложениялъул хӀакъалъулъ цӀалдохъабазе щола гьадинал баянал:

1. Предложение ва, абулеб жоялъул мурадалдеги интонациялдеги

балагьун, гьелъул тайпаби;

2. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал;

3. Предложениялда жаниб рагIабазул бухьен;

4. ТIибитIараб ва тIибитIичIеб предложение;

5. ГIадатаб ва жубараб предложение;

6. Предложениялъул тайпа цоял членал;

7. РагIабазул дандрай.

Гьезул хIакъалъулъ баян цIалдохъабазе щибаб классалда дагь-дагьккун щола.

1 - себ классалда лъимал ругьун гьарула калам предложениязде биххизе, рагIабаздаса предложениял ратIа гьаризе, гьел, интонацияги цIунун, цIализе; предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI лъезе.

2 абилеб классалда цIалдохъабаз лъазарула предложениялъул бетIерал членал; гьезда малъула, кколеб интонацияги цIунун, предложение цIализе, предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишара лъезе.

3 абилеб классалда цIалдохъабазе щола рагIабазул дандраялъул, хабарияб, суалияб, тIалабияб ва ахIул предложениязул, предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членазул, гIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениязул, гIадатал ва журарал предложениязул хIакъалъулъ баянал.

4 абилеб классалда лъимал ругьун гьарула тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел ритIун цIализе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Синтаксисиял темаби ва каламалъул бутIаби лъазарулаго, гьоркьоса къотIичIого, тIоритIула предложениялъулъ рагIабазул бухьен чIезабиялда, рагIабазул дандраял ратIа гьариялда ва гьел гIуцIиялда хурхарал хIалтIаби.

Классалдаса классалде гъварилъула гIадатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабиялъул къагIидабиги.

**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби** абураб бутIаялъулъ аслияб бакI ккола тексталда тIад гьабулеб хIалтIиялъги гьеб текст бичIчIизе ва гIуцIизе,

гьединго тексталда тIаса жиндирго пикру бицине ругьун гьариялъул хIалтIабазги. Предложениялдаго гIадин, щибаб классалда тексталда тIад хIалтIула тIубараб цIалул соналда. ХIакъикъаталда кIалзул ва хъвавул формаялда тексталда тIад хIалтIи щибаб дарсида гьабула. Гьедин лъималазухъа бажарула авар мацIалда тIаса щвараб лъаялдаса жидер калам цебетIезабиялъулъ пайда босизе.

«Текст. Бухьараб калам цебетIезаби» абураб разделалъулъ тексталда тIад гьабулеб хIалтIи гьал хадусел бутIабаздасан гIуцIун буго:

– тексталъул хIакъалъулъ бичIчIи (текст ккола магIнаялъул ва грамматикияб рахъалъ кIиго я цIикIкIун цоцазда рухьарал предложениял); текст ва гIаммаб темаялъ цолъизаричIел, батIаго ругел предложениял цоцаздаса ратIа гьариялъул бажари лъугьинаби;

– тексталъул тема (тексталъулъ цо сундулниги хIакъалъулъ бицунеб жоялда тема абула); тексталъул тема чIезабизе бажари, ай тексталъулъ сундул хIакъалъулъ бицунеб бугебали бихьизаби;

– тексталъул аслияб пикру; мугIалимасул кумекалдалъун тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе бажари;

– тексталда цIар лъей; тексталда цIар лъезе бажари (тексталъул аслияб пикруялде ва гьелъул темаялде мугъги чIван);

– тексталъул гIуцIи; хабарияб текст бутIабазде биххизе бажари (байбихьи, аслияб бутIа ва ахир);

– тексталъул бутIабазда гьоркьоб бугеб бухьен; тексталъулъ жидер кумекалдалъун аслияб бутIа ва байбихьи яги аслияб бутIа ва ахир цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари; гIуцIулеб тексталъул бутIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе бажари;

– тексталъул щибаб бутIаялда жанир ругел предложениязда гьоркьоб бухьен; жидер кумекалдалъун предложениял цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари, масала: цIарубакIал, союзал;

– тексталъулъ сипат-сурат гьабиялъул ресал; тексталъулъ метафорал, эпитетал, дандекквеял, олицетворениял рихьизаризе бажари; гьел киналго

жидер каламалъулъ хIалтIизаризе бажари;

– текстазул тайпаби: хабарияб текст, сипатияб текст ва пикрияб текст (лъай-хъвай гьаби);

– изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи; хIадурараб, яги киназго цадахъ гIуцIараб, ялъуни живго жиндаго чIун гIуцIараб планалда рекъон чидар текст (лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун) цIи гьабун хъвазе бажари;

– сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи (бицун ва хъван); сюжетиял суратазда яги цо сураталда тIасан, гьединго цо кинаб бугониги темаялда тIасан текст гIуцIизе бажари; цебеккунго киналго гIахьаллъун дандбараб текст хъвазе бажари;

Тексталда тIад хIалтIулаго, хIисабалде росула гьелъул хIасил, гIуцIи ва сипат-сурат гьабиялъул ресал.

Каламалъул культура борхизабиялъе гIоло программаялъ тIалаб гьабулеб буго ричIчIизе бигьаял гьал хадусел литературиял нормабазулгун лъай-хъвай гьабизе:

– рагIаби битIун аби (орфоэпиял нормаби);

– предложениял битIун гIуцIи ва рагIабазул дандраязулъ рагIабазул формаби битIун хIалтIизари (грамматикиял нормаби);

– магIнаялъул рахъги хIисабалде босун, рагIаби битIун хIалтIизари (рагIаби хIалтIизариялъул къагIидаби).

ЦIалдохъанасул калам цебетIезабиялъулъ хIакъикъиял хIасилал кьезе ккани, гьезда литературияб мацIалъул нормабиги сипат-сурат гьабиялъул ресалги лъай гIоларо, къваригIуна авар мацIалъул ва цIалиялъул дарсазда, гьоркьоса къотIичIого, текстазул анализ гьабизе.

Литературияб мацIалъул нормабазда тIад хIалтIи практикияб къагIидаялъ гьабула. Гьеб хIалтIи тIобитIула, рахьдал мацIалъул темаби лъазарулагоги, класс тун къватIисел дарсаздаги, изложениял ва сочинениял хъвалагоги, цIалиялъул дарсаздаги тIубараб цIалул лъагIелалъ. ЦIалдохъаби

ругьун гьаризе ккола каламалъулъ ккарал гъалатIал цоцаз ритIизаризе ва батIи-батIиял тайпабазул словараздаса пайда босизе.

ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялъе чара гьечIого хIажалъула тайпа цоял членалгун гIадатал предложениялги кIиго гIадатаб предложениялдасан гIуцIараб журарал предложениялги цоцазда дандекквезе, битIараб каламгун предложениялда хадуб халкквезе, нахърилълъиналъул союзрагIабигун ва союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениязулгун лъай-хъвай гьабизе.

БитIараб каламгун предложениялги нахърилълъиналъул союзрагIабигун ва союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениялги байбихьул классазда лъазаруларо. Амма лъималаз, изложениял ва сочинениял хъвазе хIадурлъулаго, гьединго творческиял хIалтIабазулъ риччарал гъалатIазул анализ гьабулаго, гьезул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Гьелда тIадеги, нилъеда лъала байбихьул классазул цIалдохъабаз жидер кIалзул ва хъвавул каламалъулъ гьединал предложениял гIатIидго хIалтIизарулеллъи. Гьединлъидал мугIалимас хIаракат бахъизе ккола гьезул гIуцIиги гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъиги лъималазда бичIчIизабизе.

МугIалимас, гьоркьоса къотIичIого, кIвар кьезе ккола цIалдохъанасул, гъалатIал риччачIого, битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабиялде. Гьелъие программаялда кьун руго хIарпаздалъун гьаркьал рихьизариялъул, цо мухъида инчIел рагIаби цоги мухъиде, слогазде рикьун, росиялъулги, рагIаби ратIа тIун хъваялъулги, кIудияб хIарп хъваялъулги къагIидаби.

Берцинго хъваялъе, хатI куцаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIо. Гьединлъидал щибаб грамматикаялъул дарсида 8–10 минуталъ мугIалимас тIадчIей гьабула цIалдохъабаз хъвалебщинаб жо берцингоги бацIцIадгоги букIинабиялде. Гьаниб кьола хатIалъул хашлъи тIагIинабиялде руссарал ругьунлъиялъул тIадкъаял, рихьизарула мисалиял хIарпал ва рагIаби.

Дидактикаялъул кIвар бугел суалазул цояб ккола контролиял

(хъвавул) хIалтIабазул хIасилазул кьучIалда цIалдохъабазул лъайгун бажари борцин ва къимат лъей. Байбихьул классазда авар мацIалъул хъвавул хIалтIабазул аслиял тайпабилъун ккола: тIаде балагьун текст хъвай, эркенаб диктант, гIинзул ва берзул диктант, творческияб диктант, хIадурлъиялъул ва тIасабищул диктант, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял.

Словариял диктантазе кьезе кколеб рагIабазул къадар букIине бегьула:

II классалда – 8–10,

III классалда – 10–12,

IV классалда – 12–15.

Хал гьабиялъул диктантал гьаризе рихьизарурал текстазулъ ругел рагIабазул къадар гIага-шагарго гьадинаб букIине бегьула:

I классалда – 10–15,

II классалда – 35–40,

III классалда – 45–50,

IV классалда – 65–70.

Ругьунлъиялъул изложениязе чIезабун буго гьаб къадар:

I классалда – 15–20,

II классалда – 35-–40,

III классалда – 55–60,

IV классалда – 75–80.

Щибаб дарсида цIалдохъаби ругьунлъула цIалул тIехьгун хIалтIизе, битIун хъваялъеги цIалиялъеги жиндие къваригIунел къагIидаби, гьезда хурхарал хIалтIаби ва лъазарулел темаби хехго ратизе, хIалтIабазе кьурал киналго тIадкъаял тартибалда тIуразе, гьезул мурад бичIчIизе.

Квалквал гьечIого, хадубккунги церехун ине лъималазе гIураб лъай щвеялъул мурадалда пайда босизе ккола батIи-батIиял дидактикиял хIаяздаса, хасго рекIелгъеялъул материаздаса (кроссвордаздаса, шарадаздаса, ребусаздаса, болъабаздаса, грамматикияб ва битIунхъваялъул лотоялдаса ва гь.ц.).

Байбихьул классазул лъималазда кIоларо цо жоялда тIаде халат бахъун

жидерго кIвар буссинабизе, гьел хехго свакала. Гьединлъидал дарсида цIалдохъабигун хIалтIиялъул къагIидаби батIи-батIиял рукIине ккола (мугIалимазухъ гIенекки, гара-чIвари, тIахьалгун ва тетрадалгун хIалтIи, хъвавул ва кIалзул хIалтIаби иргаялда тIоритIи, мех-мехалда минутаялъул махсараби, расандаби ва физкультура гьаби).

Байбихьул школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги: 1 классалда 33 сагIат кьун буго; 2 – 3 классазда авар 34 сагIат кьун буго, 4 кл-17 сагIат кьун буго.

Авар мацI хIалуцун ва гъваридго лъазабизе, щибаб лъай кьеялъул идараялъул ихтияр буго, цIалул планалъул кIиабилеб бутIаялдаса сагIталги росун, авар мацI лъазабизе бихьизабураб сагIтазул къадар цIикIкIинабизе.

## ЦIАЛУЛ КУРСАЛЪУЛ ГIУЦIИ

### 1 КЛАСС

## Хъвай-цIали малъи[3]

### Калам цебетIезаби

Тексталъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи. Тексталъулъ предложениял ратIа гьари. Тексталъулъ предложениял цолъизари. ГIенеккун рагIараб ва жинцаго цIалараб текст бичIчIи. Берзулгин сипатиял мисалазул (моделазул) кумекалдалъун каламалъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьин. Схемазул кумекалдалъун калам магIна бугел бутIабазде бихxи. Предложенияздасан бухьараб текст гIуцIи.

Жиндир гIумруялъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул, хIаязул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталдасан гьитIинабго хабар херхине бажари. БиценкIабазе жавабал кьезе, кучIдул рекIехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ хIалтIизаризе, рекIехъе лъазарурал кучIдул пасихIго рикIкIине бажари.

### РагIи ва предложение

РагIи анализ гьабиялъул материал ва цIех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) кколеблъи бичIчIи. РагIул лексикияб магIнаялда хадуб халкквей. РагIи гьаркьаздасан гIуцIун букIунеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ рагIул бугеб кIвар лъай. Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе бажари.

РагIаби ва предложениял ратIарахъизе бажари. Предложениялъулъ

---

[3] ТIадехун абухъе, хъвай-цIали малъи гIуцIун буго кIиго бутIаялдасан: 1. ХIадурлъиялъул заман. 2. ХIарпал малъулеб (букварияб) заман. Хъвазе-цIализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгун синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго, ай гьаркьаздасан рагIи, рагIабаздасан предложение, предложениял дандран хабар гIуцIизе ругьун гьарулаго. Хъвай-цIали малъиялъе анкьида жаниб 3 сагIат кьун буго: 1,5 сагIат цIализе ругьун гьариялъе ва 1,5 сагIат хъвадаризе ругьун гьариялъе. Хъвазе-цIализе малъизе бихьизибураб заман халалъизе бегьула гIага-шагарго 21-23 анкьалъ. Лъималазда материал лъаялда бан, мугIалимасул ихтияр буго хъвай-цIали малъизе бихьизабураб заман дагь гьабизе ялъуни цIикIкIинабизе.

рагIаби ратIа гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари. Предложениялъулъ интонация цIунизе лъай.

**Фонетика**

Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. РагIул магIнаги гьелъул гьаркьилаб гIуцIиги цоцада рухьарал рукIин бичIчIи.

РагIулъ жалго жидедаго чIарал гьаркьал рихьизари. РагIулъ гьаркьазул къадар ва тартиб чIезаби, сипат-суратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай.

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIа гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари.

Абиялъул бищунго гьитIинаб бутIа хIисабалда слог. РагIаби слогазде риххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. РагIулъ ударение тIаде кколеб бакI бихьизаби, ударение бугелги ударение гьечIелги слогал ратIа рахъи.

РагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (рагIулъ гьаркьазул къадар чIезабизе, рагIул бетIералда, бакьулъ, ахиралда букIаниги, гьеб гьаракь бугеб бакI лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

**Графика**

Гьаркьал ва хIарпал ратIарахъи: хIарп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе бажари. *Е, ё, ю, я* рагьарал хIарпал. Ъ гьаракь ва хIарп. Ь хIарп. Гьез тIубалеб хъулухъ.

Авар алфавиталъулгун (хIарпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

**ЦIали**

Слогалккун цIалиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва рагIабиккун цокIалаяб цIали. РагIаби, рагIабазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бичIчIун цIали. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация цIунун, цIали. ЗахIматал гурел гьитIинал текстал ва кучIдул бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари цебетIезаби. Живго жиндаго чIун яги

мугIалимасул кумекалдалъун цIалараб текст, такрар гьабун (ай цIидасан), бицин.

РагIаби, къокъал предложениял, захIматал гурел гIитIинал текстал гIедегIичIого битIун цIализе ругьун гьари. МугIалимас абун яги тIаде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал кквезе, битIунхъваялъул къагIидабиги цIунун, цIализе ругьун гьари.

**Хъвадари**

Хъвадарулаго битIун гIодор чIезе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам битIун кквезе лъимал ругьун гьари. КIудиял ва гьитIинал хIарпал битIун хъвазе ва гьел рагIабазулъ цолъизаризе бажари.

Гигиеналъул нормабиги цIунун, хIарпал, слогал, рагIаби, предложениял хъвазе ругьун гьари. БацIцIадаб ва бичIчIулеб (ай бигьаго цIализе кIолеб) хатIалъ хъвадаризе лъай.

Цин мугIалимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел рагIаби ва предложениял, тIаде балагьун, хъвазе лъай. МугIалимас абурал рагIухъе хъвалел рагIаби ва гьединал рагIабаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, тIаде балагьун битIун хъваялъул тартиб ва къагIидаби лъай.

ХIарпаздалъун рихьизаруларел графикиял гIаламатаз (ай рагIабазда гьоркьоб хутIараб чIобогояб бакIалъ, рагIаби цо мухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) тIубалеб хъулухъ бичIчIи.

**БитIунхъвай**

ТIоцебесеб классалда гьал хадусел битIунхъваялъул къагIидабазулгун лъай-хъвай гьабула:

– рагIаби ратIатIун хъвай;

– геминатал ва лабиалиял гьаркьал хIарпаздалъун рихьизари;

– хасал цIаразул бетIералда ва предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвай;

– рагIаби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси;

– предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби.

## Авар мацӀалъул курс

**РагӀи. Предложение. Текст**

Калам. ГӀадамазе калам сундуе къваригӀун бугеб.

Каламалъул бутӀа хӀисабалда рагӀи. Каламалъулъ рагӀул бугеб кӀвар. РагӀуца тӀубалеб хъулухъ. МагӀнаялъул рахъалъ дандекколел рагӀаби цоцазда рухьин.

Каламалъул бутӀа хӀисабалда предложение, текст ва гӀумруялда жаниб гьезул бугеб кӀвар.

**Гьаркьал ва хӀарпал**

Гьаркьал ва хӀарпал. Рагьарал гьаркьал ва хӀарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хӀарпал.

Авар мацӀалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва гьел раихьизарулел хӀарпал: **гь, гъ, гӀ, кь, къ, кӀ, лъ, тӀ, хь, хъ, хӀ, цӀ, чӀ**.

Геминатал ва гьел рихьизарулел хӀарпал: **кк, кӀкӀ, лълъ, сс, хх, цц, цӀцӀ, чч, чӀчӀ**.

Лабиалиял гьаркьал ва гьел рихьизарулел хӀарпал: **гв, кв, ккв, кӀв, кӀкӀв, къв, кьв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чӀв, цв, цӀв.**

РагӀи ва слог. Слогалккун рагӀаби цӀияб мухъиде роси.

**Каламалъул бутӀаби**

**Щив? щий? щиб? щал?** абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметал рихьизарулел рагӀаби ккей.

**Кинав? кинай? кинаб? кинал?** абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀаби ккей.

**Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабизе бугеб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб?** абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметалъул иш бихьизабулел рагӀаби ккей.

**2 КЛАСС**

**РагӀи, предложение, текст**

Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи. Предложениялъулъ рагIаби, тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцада рухьин. Каламалъул бутIаби хIисабалда предложение ва текст. Каламалъулъ предложениялъ тIубалеб аслияб хъулухъ. Каламалъул бутIа хIисабалда текст.

**Гьаркьал ва хIарпал**

Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал гьаркьал ва хIарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. КъосинчIого рагIабазулъ гьел битIун абизе, цIализе ва ратIа гьаризе лъай.

**Е, ё, ю, я** хIарпал. Рагьукъаб гьаракь **[й]** ва **й** хIарп.

Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва хIарпал: **гь, гъ, гI, кь, къ, кI, лъ, тI, хь, хъ, хI, чI, цI**.

**Щ, ш** рагьукъал гьаркьал ва хIарпал.

Геминатал (хIухьелалъул тIадецуй кутаклъизабун абулел) ва гьел рихьизарулел хIарпал: **кк, кIкI, чч, чIчI, сс, хх, цц, цIцI, лълъ.**

Лабиалиял (кIутIби цере цIутIизарун рахъулел) гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: **кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, къв, хв, хъв, хъв, щв, шв, гъв, гъв, гв, чIв, цв, цIв.**

**Ъ** гьаракь ва хIарп. **Ь** хIарп. Гьез тIубалеб хъулухъ.

Алфавит. ХIарпазул цIарал. Алфавиталъул кIвар.

РагIи ва слог. РагIи слогазде бикьи. Цо мухъида инчIеб рагIи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босиялъул къагIидаби.

Ударение. РагIабазул магIна хисиялъулъ ударениялъул бугеб кIвар. РагIулъ ударение бугебги гьечIебги слог.

**Калам**

Калам ва гIумруялда жаниб гьелъул бугеб кIвар. КIалзул ва хъвавул калам. Каламалъул этика. Салам кьеялъул рагIаби.

**Предложение ва текст**

Каламалъул бутIа хIисабалда предложение. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен чIезаби (суалаздалъун).

Предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе ругьун гьари. Предложениялда жаниб магIнаялъул рахъалъ цIикIкIараб кIвар жиндир бугеб рагIи, гьаракь борхизабун, бихьизабизе ругьун гьари.

Текст. Тексталъул гIаламатал, тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцазда рухьин, тексталда цIар лъей. Абзац. Тексталъул тайпаби.

**Каламалъул бутIаби**

Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби (дандекквей).

**Предметияб цIар** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Предметияб цIаралъул суалал**: щив? щий? щиб? щал?** Каламалъулъ предметияб цIаралъул бугеб кIвар.

ГIадамазул цIаразул, фамилиязул ва инсул цIаразул, хIайваназда лъурал тIокIцIаразул, улкабазул, шагьаразул, росабазул, къватIазул, гIоразул, хIоразул, мугIрузул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Цолъул ва гIемерлъул формаялда предметияб цIар хиси (практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьаби).

**Глагол** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Глаголалъул суалал: **щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабилеб? щиб гьабизе бугеб? щиб гьабулеб? щиб гьабулеб бугеб?**Каламалъулъ глаголазул бугеб кIвар.

Глаголал цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал батIи-батIиял заманазде хиси (халкквезе). ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги глаголал.

**Прилагательное (**лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Прилагательноялъул суалал: **кинав? кинай? кинаб? кинал?** Прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял.

**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби**

Тексталъул тема. Текст ва гIаммаб темаялъ дандрачIел, ратIатIурал

предложениял дандекквей. Тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцазда рухьин.

Тексталда ва гьелъул бутIабазда цIар лъей. Тексталда жанир аслияб магIна загьир гьабулел рагIаби.

Тексталъул тайпаби: хабариял, сипатиял ва пикриял (лъай-хъвай гьаби). Хабарияб тексталъул бутIаби: байбихьи, аслияб бутIа ва ахир (лъай-хъвай гьаби). Тексталъул цIияб мухъ.

Изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Хабарияб тексталъул 30 – 45 рагIи бугеб изложение хъвай.

Сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. МугIалимасул нухмалъиялда гъорлъ сураталдасан яги суратаздасан текст гIуцIи ва хъвай. Лъималазул гIумруялъул, хIалтIул, хIайваназул, хIаязул, цIалул ва гь.ц. хIакъалъулъ текст гIуцIи. Киназго цадахъ 30 – 40 рагIи бугеб хабарияб текст гIуцIи.

**ЛъагIалида жаниб малъараб материал такрар гьаби**

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. Каламалъул бутIаби: предметияб цIар, прилагательное ва глагол. Каламалъул бутIаби хIисабалда текст ва предложение.

### 3 КЛАСС

## КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби

МацIалъул ва каламалъул бутIа хIисабалда текст, предложение ва рагIи. Предмет, предметалъул гIаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагIаби. Каламалъулъ предложениялъул бугеб кIвар.

Текст, тексталъул бутIаби, тексталъул бутIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

Гьаркьал ва хIарпал, рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. **Е, ё, ю, я** рагьарал хIарпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал[4].

---

[4] Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал, геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун рахъиялда тIад хIалтIула тIубараб цIалул соналъ. Гьел хIалтIаби гьарула цIалулги грамматикаялъулги дарсазда дагьа-дагьаб заманги кьун.

**Предложение. РагIабазул дандрай.**

Предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тIалабияб. Интонациялде балагьун, ахIул предложение.

Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение.

Предложениялъул бетIерал гурел членал (терминал абичIого, суалаздалъун).

Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

ГIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял. Предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишара. ГIадатал ва журарал предложениял.

РагIабазул дандрай. РагIабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи. РагIабазул дандраязулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

**РагIул гIуцIи**

МагIна гIагарал рагIаби. РагIул магIнаял бутIабазул (кьибилалъул, ахиралъул, аслуялъул ва суффиксалъул) хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи. Ахиразул кумекалдалъун рагIул форма хисиялда ва суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьиналда хадуб халкквей. Кьибил цоял рагIаби ва цого цо рагIул формаби (дандекквей).

РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял (лъай-хъвай гьаби).

**Лексика[5]**

РагIул лексикияб магIна (гIаммаб бичIчIи). ГIемер магIнаялъулал рагIаби. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялда рагIаби хIалтIизари. Синонимал. Антонимал.

**Каламалъул бутIаби**

Предметияб цIаралъулгун, прилагательноялъулгун, глаголалъулгун,

[5] Лексикаялда тIад хIалтIи тIобитIула, предметияб цIар, прилагательное, глагол лъазабулаго, гьединго цIалиялъул дарсазда.

рикIкIеналъулгун, цIарубакIалъулгун[6], наречиялъулгун[7] гIаммаб лъай-хъвай гъаби.

**Предметияб цIар**

Предметияб цIаралъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Хасал ва гIаммал предметиял цIарал. Хасал предметиял цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Предметияб цIаралъул жинс: чиясул, чIужуялъул ва гьоркьохъеб.

Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма. ГIицIго цолъул формаялда хIалтIизарулел яги гIицIго гIемерлъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал[8]

Предметиял цIарал падежазде свери **(асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п.** ва **жинда п.).**

**Прилагательное**

Прилагательноялъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьун рукIин. Цого яги гIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял. Прилагательноял-антонимал каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси.

**РикIкIен**

РикIкIеналъул магIна ва гьелъие лъолел суалал **(чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?).** Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай. Иргадул рикIкIенал жинсазде хиси.

**Глагол**

Глаголалъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гъаби). Жинсиял глаголал предметияб цIаргун рекъон ккей.

---

[6] Гьеб каламалъулъ хIалтIизабиялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ халкквела.
[7] Гьеб каламалъулъ хIалтIизабиялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ халкквела.
[8] Гьел каламалъулъ хIалтIизариялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ халкквела.

Глаголал заманабазде хиси: бачIунеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман.

Цого яги гIага-шагарал магIнаялъул глаголалги гIаксаб магIнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъул глаголал. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялъул глаголал каламалъулъ хIалтIизари.

**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби[9]**

Тексталъул (яги каламалъул) тайпабазул гIаммаб бичIчIи: хабарияб текст, сипатияб текст, пикрияб текст. Ишалъулабги художествиябги калам. ЦIалараб текст бутIабазде биххизе ва гьезда цIарал лъезе бажари. Киназго цадахъ яги жинцаго гIуцIараб планалда рекъон, хабарияб изложение хъвай.

Сюжет гьечIелги сюжеталъулалги суратаздаса харбал херхине лъай (бицунги хъванги).

Жидер расандабазул, тIабигIаталда хадуб халкквеялъул, рекIел-гъеялъул, экскурсиязул, гьудул-гьалмагъзабазул хIакъалъулъ къокъго бицине бажари.

Лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, къокъаб сочинение хъвазе лъай.

Жиндир ишазул хIакъалъулъ гьитIинабго кагъат хъвазе лъай.

**ЛъагIалида жаниб малъараб материал лъазаби**

Текст ва предложение. РагIул магIнаял бутIаби. Каламалъул бутIаби.

**4 КЛАСС**

**Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби**

Каламалъул бутIа хIисабалда предложение, жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби, предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби, предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен, рагIабазул дандрай.

**Предложение. Предложениялъул тайпа цоял членал**

[9] Калам гIуцIизе ругьун гьариялъе программаялда хасаб заман бихьизабуларо. Гьеб темаялда хурхарал хIалтIаби тIолго цIалул соналда жанир гьаризе ккола.

Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал (гIаммаб бичIчIи). Предложениялъул тайпа цоял членал (гIаммаб баян). Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизари. Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел битIун цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. ХитIабгун предложение. Жубараб предложение. РагIабазул дандрай.

**Каламалъул бутIаби**

**Предметияб цIар**

Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар. Предметияб цIаралъул жинс. Цолъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери. Предметиял цIарал падежазде сверияльул тайпаби: I свери, II свери, III свери.

ГIадатал падежал: **аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж, кьовул падеж.** Гьезул ахиразул битIунхъвай.

БакIалъул падежал.[10] Гьезул ахиразул битIунхъвай.

ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери.

**Прилагательное**

Прилагательноялъул лексикияб магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ.

Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ хиси.

Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде свери.

Прилагательноязул битIунхъвай.

**ЦIарубакI**

Каламалъул бутIа хIисабалда цIарубакI. ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал. ЦIарубакIал каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъи.

Гьумералъул цIарубакIал падежазде свери. ЦIарубакIазул битIунхъвай.

[10] БакIалъул падежазулгун, жидеда цIарал абичIого, практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьабула.

**Глагол**

Каламалъул бутIа хIисабалда глагол: глаголалъул лексикияб магIна, глаголазул суалал. Глаголияб цIар (масдар). Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал заманабазде хиси: араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал. Глаголазул битIунхъвай.

**Наречие**[11]

Каламалъул бутIа хIисабалда наречие. Гьелъул лексикияб магIна ва суалал. Наречиял каламалъулъ хIалтIизари. Каламалъулъ гIемер хIалтIизарулел наречиязул битIунхъвай.

**Словарияб хIалтIи**[12]

Каламалъулъ битIараб ва хъвалсараб магIнаялъул рагIаби, синонимал ва антонимал хIалтIизари.

**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби**[13]

Текст ва гьелъул аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Хабарияб, сипатияб ва пикрияб тексталъул гIуцIи.

Киназго цадахъ, ялъуни жалго ургъун, гIуцIараб плананалда рекъон, сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе лъай. Сураталдасан хабарияб сочинение хъвазе лъай. Цо лъилниги яги сундулниги хIакъалъулъ, сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвазе лъай.

Текст гIуцIулаго, эпитетаздаса, метафораздаса, дандекквеяздаса, олицетворенияздаса, гьединго синонимаздаса, антонимаздаса ва гь.ц. пайда боси.

---

11 Наречиязулгун цIалдохъабаз, учебникалдаса яги жидецаго гIуцIарал текстазул анализ гьабулаго, практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьабула. Гьелда тIаса щвараб лъаялъул даражаялъул хал гьабуларо.

12 Словариял хIалтIаби тIолго лъагIалида жанир гьарула.

13 Калам гIуцIизе ругьун гьариялъул хIалтIаби тIолго цIалул соналда жанир тIоритIула.

## АВАР МАЦIАЛЪУЛ КУРС ЛЪУГIУН ХАДУБ КЬОЛЕЛ ХIАСИЛАЛ

### Напсиял хIасилал

Байбихьул школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел напсиял хIасилазде щола:

***гражданиябгун патриотикияб тарбия кьеялъул рахъалъан:***

– жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби;

– жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIинги, Дагъистан республикаялъул пачалихъияб мацI хIисабалда авар мацIалъул бугеб кIварги бичIчIи;

– цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинчIел тIабигIаталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай кIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби;

– цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби;

***рухIияб тарбия кьеялъул рахъалъан:***

– обществоялда чиясул хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул ва гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб) ритIухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьучIалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби;

– цогидал гIадамазул сахлъиялъе зарар гьабулеб хьвада-чIвадиялде дандечIей;

***эстетикияб тарбия кьеялъул рахъалъан:***

– эстетикиял бичIчIиял, хIажалъаби ва бечелъаби лъугьинари;

– цогидал ва жиндирго миллаталъул творчествоялъул, маданияталъул, батIи-батIияб искусствоялъул, гьезул ругел гIадатазул адаб-хъатир гьаби;

– жиндирго пикру загьир гьабизеги лъилгунниги гьоркьоблъи, бухьен гьабизеги авар мацIалъул бугеб кIвар бичIчIи;

– тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби;

***сахлъи цIуниялъул тарбия кьеялъул рахъалъан:***

– хIинкъи гьечIеб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб гIумру гьабизе мурад лъей; творческияб хIалтIуде гьира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби; материалиял ва рухIиял бечелъабазул тIалаб-агъаз гьабизе бажари;

***захIматалъул тарбия кьеялъул рахъалъан:***

– цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави;

– гIел бащадазда ва цIикIкIаразда цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби;

***экологияб тарбия кьеялъул рахъалъан:***

– цебетIун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби;

– тIабигIаталдехун цIуна-къараб балагьи букIинаби.

## Метапредметиял хIасилал

Авар мацI лъазабиялъул хIасилалда байбихьул школалда цIалдохъаби ругьунлъула нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби гьаризе (**Познавательные** УУД). Гьезда бажарула:

– мацIалъул батIи-батIиял бутIаби (гьаркьал, рагIаби, предложениял, текстал) дандекквезе, гьел мацIалъул бутIаби дандекквеялъе кьучI бихьизабизе;

– цо чIванкъотIараб гIаламаталдалъун мацIалъул бутIаби цолъизаризе;

– мацIалъул бутIаби (гьаркьал, каламалъул бутIаби, предложениял, текстал) ратIа-ратIаго лъеялъе кIвар бугеб гIаламат чIезабизе, мацIалъул бутIаби ратIа-ратIаго лъезе;

– цо чIванкъотIарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъун тIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIех-рехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикру загьир гьабизеги

бажаризе, ай логикиял хIалтIаби гьаризе.

– цо кинаб бугониги хIалтIи гьабизе бажаричIони, гьелъие гIилла бихьизабизе ва хIасил гьабизе;

– мугIалимасул кумекалдалъун къокъго ва мухIканго дарсил мурад бицине;

– тIадкъаял тIуразариялъул цо чанго вариант дандекквезе, бищунго дандекколеб тIасабищизе (рихьизарурал критериязул кьучIалда);

– кьураб планалда рекъон кIудияб гуреб лингвистикияб цIех-рех гьабизе, кьураб планалда рекъон проектияб тIадкъай тIубазе;

– хIасилал гьаризе ва мацIалъул материалалда хадуб тIоритIарал халкквеязул кьучIалда далилалги рачун, гьел хIасилал тастикъ гьаризе; кьураб мацIалъул материалалъул анализ гьабулаго, мугIалимасул кумекалдалъун суалал гIуцIизе;

– информация щвеялъе гIоло тIехь тIасабищизе: ай информация щвезе, гьеб мухIкан гьабизе, къваригIараб словарь тIасабищизе;

– кьураб алгоритмалда рекъон рихьизарурал словараздаса ва цогидал тIахьаздаса информация балагьизе;

– мугIалимас бихьизабураб хал гьабиялъул къагIидаялъул кьучIалда яги живго жиндаго чIун битIараб ва щакаб информация лъазе;

– цIикIкIаразул (педагогикиял хIалтIухъабазул, эбел-инсул ва гь.ц.) кумекалдалъун Интернеталдаса къваригIараб информация балагьизе;

– цIалул масъалаялда рекъон тексталъулаб, видео-, графикияб, гьаркьилаб информация букIинабизе ва гьелъул анализ гьабизе;

– таблицаялда, схемаялда кьураб лингвистикияб информация бичIчIизе.

Байбихьул школа лъугIулел цIалдохъаби ругьунлъула хурхен гьабиялъул хIалтIаби гьаризе (**коммуникативные** УУД). Гьезда бажарула:

– накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясул гIадаб-хIурмат гьабизе, гьесухъ гIенеккизе, диалогалъулъ гIахьаллъизе (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);

– тIадкъаял тIуразарулаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гъалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, цогидазулгун данд бан гьоркьоб лъураб цIалул суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;

– батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизе;

– гIаммаб мурад цебе лъезе, гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизе; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб халкквезе, дандрекъон кколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезе;

– лъилниги рахъ кквечIого, щивас загьир гьабураб пикруги хIисабалде босун, дагIба-рагIи къотIизе;

– мухIканго ва кьучIго жиндиро пикру загьир гьабизе;

– кьураб масъалаялда рекъон жиндирго пикру бицине;

– кинаб бугониги хIал лъугьинабулел шартIазда рекъон батIи-батIиял кIалзул ва хъвавул текстал гIуцIизе;

– цадахъаб хIалтIул, цо сунданиги хадуб халкквеялъул хIакъалъулъ, проектикияб тIадкъаялда тIасан цеве вахъун кIалъазе хIадурлъизе;

– цеве вахъун кIалъазе хIадурараб тексталъе иллюстративияб материал тIасабищизе.

Байбихьул школа лъугIулел цIалдохъабазул лъугьуна гьабулеб цIали низамалде ккезабизе бугеб бажариги (**регулятивные** УУД). Гьезда бажарула:

– жив хIалтIулеб бакIалда цIалиялъе рукIине кколел щартIал чIезаризе;

– кьураб мисалалдаги дандеккун, жиндирго хIалтIул хал гьабизе, къваригIараб жо тIаде жубазе, мисалалъе кьуралда дандеккечIони, жиндирго хIалтIи хисизе;

– мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе;

– бищун кIвар бугел гIаламатал хIисабалдеги росун, предметал ва лъугьа-бахъинал тIелазде рикьизе ва ратIа-ратIаго лъезе;

– цIалулъ жинца кьолел лъикIал яги квешал хIасилазул гIилла

бичIчIизе, нагагьлъун цIалулъ нахъе ккани, гьениса ворчIизе;

– каламалъул ва орфографиялъул гъалатIал ритIизаризе, гьарулел хIалтIаби дурус гьаризе;

– мацIалъул материалалда тIад хIалтIулаго, риччарал гъалатIал рихьизаризе, битIунхъваялда ва лъалхъул ишараби лъеялда хурхарал гъалатIал тIатинаризе;

– жинца гьарулел хIалтIабазул хIасилал цогидал цIалдохъабаз гьарулел хIалтIабазде дандекквезе, гьезие битIун къимат кьезе.

## Предметиял хIасилал

### 1 КЛАСС

ЛъагIалил ахиралда цIалдохъаби ругьунлъула:

– кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;

– хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;

– рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;

– гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;

– геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;

– лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;

– схемабаздаса пайдаги босун, рагIи слогазде биххизе;

– слогалккун рагIи цIияб мухъиде босизе;

– **щив? щий? щиб? щал?** абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби ратIа гьаризе;

– **кинав? кинай? кинаб? кинал?** абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби ратIа гьаризе;

– **щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабизе бугеб? щиб гьабулеб бугеб?** абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби ратIа гьаризе;

– къокъаб текстальулъ предложениял ратIа гьаризе;

– предложениялъул интонация цIунизе;

– предложение гIуцIизе (бицун);

– предложениялъулъ рагIаби рихьизаризе;

– предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе;

**2 КЛАСС**

ЛъагIалил ахиралда цIалдохъаби ругьунлъула:

– текст ва предложение, предложение ва рагIи цоцаздаса ратIарахъизе; тексталъулъ предложение бихьизабизе;

– предложениялъул кIвар бугел гIаламатал рихьизаризе: тIубараб пикру бичIчIизаби, хасаб интонация букIин; кIалзул каламалъулъ щибаб предложениялъул интонация цIуни;

– жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениял дандекквезе;

– предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе;

– предложениялъулъ суалазул кумекалдалъун рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе, предложениял гIуцIизе;

– цоцазда рухьичIел предлжениязул гIуцIи тексталдаса батIа гьабизе;

– тартибалда лъечIел предложенияздасан гIуцIараб тексталъул анализ гьабизе ва тексталъулъ гьезул тартиб чIезабизе;

– тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе ва тема бичIчIизе, тексталъе цIар кьезе, абзацаздалъун тексталъул бутIаби рихьизаризе, тексталъул бутIабазул тартиб чIезабизе;

– сураталдасан, суалазул кумекалдалъун, текст гIуцIизе;

– тексталъулъ загьир гьабураб аслияб пикруялъул ва гьелъул темаялъул кьучIалада тексталъе цIар кьезе;

– батIи-батIиял тайпабазул (хабариял, сипатиял ва пикриял) текстал цоцаздаса ратIарахъизе;

– хабариял, сипатиял ва пикриял кIудиял гурел текстал гIуцIизе;

– суалазул кумекалдалъун хабарияб тексталъул 30 – 45 рагIи бугеб изложение хъвазе;

– гьаракь хIарпалдаса батIа гьабизе, хIарпалъул цIар битIун абизе, рагIульги рагIи тун къватIибехун бугебги гьаракь битIун абизе;

– рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;

– рахьдал мацІалъул алфавиталъул хІарпал абизе;

– рагІулъ ударение бугеб слог батизе;

– рагІулъ геминатал битІун абизе ва гьел рихьизарулел хІарпал битІун хъвазе;

– рагІулъ лабиалиял гьаркьал битІун абизе ва хъвавулъ гьел рихьизарулел хІарпал битІун абизе;

– авар мацІалъе хасал рагьукъал гьаркьал рагІулъ битІун абизе;

– **[ш] [щ]** гьаркьал битІун абизе;

– **ъ, ь** хІарпаз тІубалеб хъулухъ бихьизабизе;

– **е, ё, ю, я** хІарпаз тІубалеб хъулухъ бихьизабизе;

– рагІулъ слогазул къадар чІезабизе, слогазул къадаралъухъ балагьун, рагІаби тІелазде рикьизе ва цоцазда дандекквезе;

– рагІаби слогазде рикьизе, цо мухъида инчІеб рагІи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босизе;

– алфавиталъул хІарпазул цІарал битІун абизе, хІарпал ва рагІаби алфавиталъул тартибалда лъезе;

– словаралгун хІалтІулаго, алфавит лъаялдаса пайда босизе;

– фонетикияб разбор гьабизе (рагІаби слогазде рикьи, ударение бугеб слог бати, рагІулъ гьаркьазул ва хІарпазул тартиб чІезаби, **ицц, гъветІ, учитель** гІадал рагІабазулъ гьаркьазулги хІарпазулги къадар чІезаби);

– лъазарурал битІунхъваялъул къагІидаби хІалтІизаризе;

– предметал (предметазул гІаламатал, предметаз гьарулел ишал) ва гьезие жаваблъун рачІунел суалал цоцаздаса ратІарахъизе, ва гьел цо чІванкъотІараб каламалъул бутІаялде рухьине;

– предметиял цІарал ратизе, гьезул магІна бичІчІизе, гьел каламалъулъ битІун хІалтІизаризе, гьезул жинс ва цолъул ва гІемерлъул форма бихьизабизе;

– гІадамазда, хІайваназда, шагьаразда, росабазда, гІоразда лъурал цІаразул бетІералда кІудияб хІарп хъвазе;

– прилагательноял ратизе, гьезул магІна бичІчІизе, гьел каламалъулъ битІун хІалтІизаризе; гьел жинсалде, цолъул ва гІемерлъул формаялде хисизаризе;

– глаголал ратизе, гьезул магІна бичІчІизе, гьел каламалъулъ битІун хІалтІизаризе;

– цо магІнаялъул ва гІемер магІнаялъул рагІаби ратІа гьаризе;

– битІараб ва хъвалсараб магІнаялъул рагІабазда хадуб халкквезе;

– магІна гІагарал ва гІаксаб магІнаялъул рагІабазул хІакъалъулъ бичІчІи букІине.

**3 КЛАСС**

ЛъагІалил ахиралда цІалдохъаби ругьунлъула:

– темаялда мугъги чІван, тексталъе цІар лъезе, текстальул аслияб пикру загьир гьабизе, текстальул бутІаби ратизе, гьезул тартиб чІезабизе, текстальул бутІабазда цІарал лъезе;

– жиндирго кІалъаялъулъ хабариял, сипатиял, пикриял каламалъул тайпабаздаса пайда боси;

– текстальул бутІабазул тартиб чІезабизе, текстальул план гІуцІизе, кьураб яги жинцаго гІуцІараб планалда рекъон текстал гІуцІизе;

– предложаниеги рагІабазул дандрайги цоцаздаса ратІарахъизе;

– рагІабазул дандраялъулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагІи батизе;

– кІалзул ва хъвавул каламалъулъ предложениял рихьизаризе, гьезул гІорхъи чІезабизе;

– жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениязул тайпаби рихьизаризе (хабарияб, суалияб, тІалабияб ва ахІул), гьел предложениязул интонация цІунизе; гьединал предложениял гІуцІизе;

– «предложениялъул членал» ва «каламалъул бутІаби» абурал бичІчІиял цоцаздаса ратІарахъизе;

– бетІерал ва бетІерал гурел членал ратІарахъизе, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чІезабизе;

– предложениялда жаниб суалаздалъун рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе; гьеб схемабазда бихьизабизе;

– предложениялъул аслуги рагIабазул дандраялги цоцаздаса ратIарахъизе, предложениялъулъ рагIабазул дандрай бихьизабизе;

– предложение членазде биххизе: грамматикияб аслу (подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение) батизе, бетIерал гурел членазе суалал лъезе, гьезул киналъ подлежащеялъе, сказуемоялъе, яги битIараб дополнениялъе, ялъуни бетIерал гурел членазул цоялъе баян кьолеб бугебали бичIчIизабизе, предложениялъулъ рагIабазул дандрай бихьизабизе;

– каламалъулъ синонимал ва антонимал хIалтIизаризе;

– батIи-батIиял каламалъул бутIабазе синонимал ва антонимал тIасарищизе, гьезул магIна мухIкан гьабизе;

– битIараб ва хъвалсараб магIнаялда рагIаби хIалтIизариялда хадуб нахъгIунтIизе;

– «магIна гIагарал рагIаби» ва «кьибил цоял рагIаби» абурал бичIчIиял дандекквезе;

– кьибил цоял рагIабаздаги цого цо рагIул формаялдаги гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабизе;

– кьибил цоял рагIабазулъ рагьукъал ва рагьарал гьаркьазул хиси ккараб кьибил батизе;

– рагIабазулъ кьибил, аслу, суффикс, ахир батизе;

– суффикалъул кумекалдалъун рагIи лъугьинабизе, лъугьараб цIияб рагIул магIна бичIчIизе;

– каламалъул бутIаби ва гьезул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе;

– предметиял цIарал рихьизаризе; предметияб цIаралъул байбихьул форма батизе; грамматикиял гIаламатал рихьизаризе (жинс, цолъул ва гIемерлъул форма, падеж); предметиял цIарал цолъул ва гIемерлъул формаялде, падежалде хисизе;

– гIицIго цолъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал рихьизаризе;

– прилагательноял рихьизаризе; предметияб цIаралъул жинсалда ва формаялда рекъон прилагательноял жинсазде ва цолъул ва гIемерлъул формаялде хисизе;

– глаголал ратизе; глаголалъул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе: заман, цолъул ва гIемерлъул форма, жинс (жинсиял глаголазул);

– къадаралъул ва иргадул рикIкIенал цоцаздаса ратIарахъизе ва гьел битIун хъвазе;

– лъазарурал каламалъул бутIабазул разбор гьабизе;

– лъазарурал битIунхъваялъул къагIидабаздаса пайда босизе.

**4 КЛАСС**

ЛъагIалил ахиралда цIалдохъаби ругьунлъула:

– техсталда тIад хIалтIизе: текстальул аслияб пикру загьир гьабизе ва тема баян гьабизе; темаялда ялъуни загьир гьабураб аслияб пикруялда мугъги чIван, живго жиндаго чIун текстальe цIар лъезе, текстальул бутIаби рихьизаризе (предложениязул тартибалъул ва текстальул бутIабазул корректура гьабизе), кьураб текстальул план гIуцIизе;

– кьураб темаялдасан ва планалда рекъон, жиндирго халкквеялдасан, сюжетияб сураталдасан, эркенаб темаялдасан хабарияl ва сипатиял текстал гIуцIизе;

– предложение, рагIабазул дандрай ва рагIи дандекквезе, гьезда гьоркьоб бугеб релълъенлъи ва батIалъи бихьизабизе;

– хабарияб, суалияб, тIалабияб ва ахIул предложениял ратIа гьаризе;

– предложениязул ахиралда лъалхъул ишараби битIун лъезе;

– предложениялъулъ хитIаб батизе, хитIабгун предложениял гIуцIизе;

– магIнаял суалазул кумекалдалъун предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе;

– предложениялъул бетIерал членал ратIа гьаризе ва предложениялъул бетIерал членал предложениялъулъ ралагьиялъул къагIидаби рихьизаризе;

– предложениялъул членазде предложение бихизе;

– тайпа цоял членалгун предложениял ратIа гьаризе, гьел тексталъулъ ратизе;

– тайпа цоял членал кинаб предложениялъул членлъун ккун бугебали чIезабизе;

– тайпа цоял членалгун предложениял цIалулаго, кколеб интонация цIунизе;

– союзал гьечIогоги **-ги, ва, амма** союзалгунги тайпа цоял членалгун предложениял гIуцизе;

– тайпа цоял членалгун предложениялъулъ къваригIараб союз лъезе;

– гIадатал ва журарал предложениял дандекквезе;

– тайпа цоял членалгун предложениял ва журарал предложениял цоцаздаса ратIарахъизе ва каламалъулъ битIун хIалтIизаризе;

– жубараб предложениялъул аслуял рихьизаризе;

– рагIаби каламалъул бутIабазде риххизе, рагIи кинаб каламалъул бутIалъун ккун бугебали бихьизабизе;

– лъазарурал каламалъул бутIабазул гIаламатал рихьизаризе;

– каламалъулъ батIи-батIиял каламалъул бутIабазул рагIабаздаса ва гьезул формабаздаса пайда босизе;

– каламалъулъ каламалъул бутIабаз тIубалеб хъулухъ загьир гьабизе;

– предметияб цIаралъул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе: жинс, цолъул ва гIемерлъул форма, падеж;

– кIалзул ва хъвавул каламалъулъ бакIалъул падежал хIалтIизаризе;

– прилагательноялъул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе: жинсиял прилагательноязул жинс, цолъул ва гIемерлъул форма, предметияб цIаралъун бакIалда хIалтIизарулезул падеж;

– глаголалъул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе: заман, цолъул ва гIемерлъул форма, жинс (жинсиял глаголазул) бихьизабизе;

– глаголалъул байбихьул форма (масдар) ва заманалъул формаби цоцада рухьине;

– глаголалъул заманалъул формаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе;

– гьумералъул цIарубакIал рихьизаризе, гьезул магIна бичIчIизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе;

– къваригIичIеб такрарлъи тIагIинабизе, гьумералъул цIарубакIаздаса пайда босизе, гьумералъул цIарубакIазул формаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе;

– лъазарурал битIунхъваялъул къагIидабаздаса пайда босизе: предметияб цIаралъул ахиразул, прилагательноялъул ахиразул, глаголазул ахиразул ва **ниж, нилъ** абурал цIарубакIазул битIунхъвай ва гь.ц.

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

**1 КЛАСС (84 сагIат[14])**

| № | Тема, курсалъул раздел | Лъазабизе кколеб материал | СагIтазул къадар | Гъаризе кколел халтIабазул тайпаби |
|---|---|---|---|---|
| | | **Хъвай-цIали малъи (69 сагIат)** | | |
| 1 | **ХIадур-лъиялъул заман**<br>ЦIализе ва хъвазе малъи | Букваралъулгун ва берцинхъваялъул тетрадалъулгун лъай-хъвай гьаби.<br>Калам. КIалзул ва хъвавул калам.<br>ХIалтIулаб мухъ. Хъвадариялъул гигиеналъул къагIидаби. Хъвадарулеб заманалда битIун гIодор чIеялъул къагIидаби.<br>Предложение.<br>ГIебеде ритIарал, гьетIарал ва тIаса гъоркье ритIарал хIуччал. Хоноккараб гургинлъи, бащадаб хоноккараб гургинлъи.<br>Предложение ва рагIи.<br>ХIалтIулаб мухъ. Мухъазда гьоркьоб бугеб бакI (гIатIилъи). Бардюразул суратал рахъи.<br>РагIи ва слог.<br>РитIарал ва гьетIарал хIуччал.<br>Каламалъул гьаркьал.<br>Гъоркьан ва тIасан кIичIизарурал гьетIарал хIуччал.<br>Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал.<br>Рагьаралги рагьукъалги гьаркьал цоцалъ журай. Бащадаб хоноккараб гургинлъи. Хоноккараб гургинлъи. Къокъал гьетIарал хIуччал.<br>**[а], [о]** рагьарал гьаркьал. **А, а; О, о** хIарпал. КIудиял ва гьитIинал хIарпал **а, А; о, О.** | 9 | Букваралъулгун **лъай-хъвай гьабизе.**<br>ЦIалулаго битIун гIодор чIеялъул къагIидаби **цIунизе.**<br>Берцинхъваялъул тетрадалъулгунги, хъвадариялъул гигиеналъул къагIидабазулгунги **лъай-хъвай гьабизе**.<br>ЦIалул масъала къокъго ва мухIканго **баян гьабизе**.<br>«Калам», «кIалзул ва хъвавул калам» абурал бичIчIиязе баян **кьезе**.<br>Практикияб къагIидаялъ кIалзул каламалдаги хъвавул каламалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи **бихьизабизе**.<br>Хъвадарулеб заманалда битIун гIодор чIеялъул къагIидабазулгун (столалда тIад тетрадь битIун лъезе, битIун ручка кквезе) **лъай-хъвай гьабизе.**<br>Тетрадалда кьурал мисалазда рекъон графикиял элементал хъвазе: хIарпазул бутIаби (элементал) мухъида битIун лъезе, графикиял элементазда гьоркьоб букIине кколеб манзил **цIунизе.**<br>«Предложение» абураб бичIчIиялъе баян **кьезе**.<br>Предложениял ва рагIаби цоцаздаса **ратIарахъизе**.<br>Кьураб мисалалда рекъон графикиял тIадкъал тIуразаризе, хIалтIул мухъ **батизе**. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **[и]**, **[у]** рагьарал гьаркьал. **И, и; У, у** хIарпал. КIудиял ва гьитIинал хIарпал **и, И; у, У.** | | БитIун ручка ккеялда, столалда тетрадь лъаялда хадуб **халкквезе.**<br>Школалъул алаталдаса цIодорго **пайда босизе**.<br>«РагIи» абураб бичIчIиялъе баян **кьезе**.<br>Предложение рагIабазде **бихxизе.**<br>РагIул магIна **бичIчIизе.** ПредложениялъулЪ рагIабазул къадар **чIезабизе.**<br>Предложениялдаса рагIаби ратIа гьарун **росизе.**<br>Жидеца тIубалеб хъулухъалде балагьун, предложение ва рагIи цоцаздаса **ратIарахъизе** (МугIалимасул кумекалдалъун гьадинаб хIасил гьабула: предложениялъ нилъер пикру загьир гьабула, цо сундулниги, лъилниги хIакъалъулъ бицуна; рагIабаз сундулниги цIарал абула).<br>Предметал тIелазде рикьизе, предметазул тIелал цо рагIудалъун **абизе**.<br>РагIабазулъ слогазул къадар бихьизабизеги рагIаби слогазде риххизеги **ругьунлъизе.**<br>РитIарал ва гьетIарал хIуччал рихьизарурал мисалазда рекъон хъвазе **ругьунлъизе**.<br>Гьаркьал ва хIарпал цоцаздаса **ратIарахъизе.**<br>Гъоркьан ва тIасан кIичIизарурал гьетIарал хIуччал хъвазе **ругьунлъизе**<br>Рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хIакъалъулъ бичIчIи **лъугьине.**<br>Интонациялъул магIна бичIчIизе, цо рагьараб гьаркьидаса гIуцIараб слогалдаги тIубараб слогалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи **чIезабизе.**<br>Рихьизарурал мисалаздалъун графикиял хIалтIаби **тIуразе.**<br>**[а]**, **[о]** рагьарал гьаркьал битIун абизеги, рагIул слогалъулабгун гьаркьилаб анализ гьабизеги, жиделъ **[а],** |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | **[о]** гьаркьал авалалда, бакьулъ ва ахиралда ругел рагIабазул мисалал рачинеги **ругьун гьаризе.**<br>Каламалъулъ гьел гьаркьал **рихьизаризе**.<br>**а, А; о, О** хIарпал лъазаризеги гьел битIун хъвазеги **ругьунлъизе**.<br>РагIул схемаялъулгун моделалъул ва предметияб сураталъул кьучIалада слогалъулгун гьаркьилаб анализалдалъун каламалъулъ **[и], [у]** гьаркьал ратIа гьаризе, гьезие характеристика **кьезе**.<br>Текстазулъ **и, И; у, У хI**арпалгун рагIаби **ратизе.**<br>**И, и; У, у** хIарпал цокIалго хъвазе **ругьунлъизе.**<br>Басмаялъулал ва хъвавул хIарпал цоцада дандекквезе, схемабазда тIад **хIалтIизе**. |
| **2** | **Букварияб заман**<br>ЦIализе ва хъвазе малъи | **[н]** гьаракь, **Н, н** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Н, н;**<br>**[м]** гьаракь, **М, м** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **М, м;**<br>**[л]** гьаракь, **Л, л** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Л, л;**<br>**[б]** гьаракь, **Б, б** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Б, б;**<br>**[г]** гьаракь, **Г, г** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Г, г;**<br>**[р]** гьаракь, **Г, г** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Г, г;**<br>**[р]** гьаракь, **Р, р** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Р, р;**<br>**[с]** гьаракь, **С, с** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **С, с;**<br>**[т]** гьаракь, **Т, т** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Т, т;**<br>**[х]** гьаракь, **Х, х** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Х,** | 60 | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе ва мугIалимасул кумекалдалъун гьеб **тIубазе.**<br>Сюжетиял суратазда тIасан хабар **гIуцIизе**.<br>Лъазарулел гьаркьал гъорлъ ругел рагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ **гьабизе**.<br>Слогалъулабгин гьаркьилаб анализалдалъун лъазарулел гьаркьал ратIа гьаризе, гьеб гьаракь абиялъул хаслъиялда хадуб **халкквезе**.<br>Таблицаялде мугъги чIван, ратIа гьарурал гьаркьазе характеристика кьезе, гьел гьаркьал рагьукъал рукIин хIужжабаздалъун **чIезабизе**.<br>Лъазарурал гьаркьал гъорлъ ругел рагIабазул мисалал **рачине**.<br>КIудиял ва гьитIинал, басмаялъулал ва хъвавул хIарпал лъазе, цоцазда дандекквезе ва цоцаздаса **ратIарахъизе**.<br>Лъазарурал гьаркьаздаги гьел |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | х;<br>**[й]** гьаракь, **Й, й** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Й, й;**<br>**[ж]** гьаракь, **Ж, ж** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Ж, ж;**<br>**Е, е** рагьарал хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Е, е;**<br>**[х]** гьаракь, **Х, х** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Х, х;**<br>**[к]** гьаракь, **К, к** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **К, к;**<br>**[ш]** гьаракь, **Ш, ш** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Ш, ш;**<br>**[Щ]** гьаракь, **Щ, щ** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Щ, щ;**<br>**[гI]** гьаракь, **ГI, гI** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **ГI, гI;**<br>**[тI]** гьаракь, **ТI, тI** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **ТI, тI;**<br>**[в]** гьаракь, **В, в** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **В, в;**<br>**[кI]** гьаракь, **КI, кI** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **КI, кI;**<br>**[ц]** гьаракь, **Ц, ц** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Ц, ц;**<br>[д] гьаракь, **Д, д** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Д, д;**<br>**[хI]** гьаракь, **ХI, хI** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **ХI, хI;**<br>**[гь]** гьаракь, **Гь, гь** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Гь, гь;**<br>**[лъ]** гьаракь, **Лъ, лъ** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Лъ, лъ;**<br>**[ч]** гьаракь, **Ч, ч** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Ч, ч;**<br>**Я, я** хIарпал. КIудияб ва | | рихьизарулел хIарпаздаги бугеб гьоркьоблъи **бихьизабизе**.<br>РитIарал слогал **цIализе**.<br>РитIарал слогал **гIуцIизе.**<br>ХIарпаздасан ва слогаздасан рагIаби **гIуцIизе**.<br>КъотI-къотIараб азбукаялъул хIарпаздасан ритIарал слогал **гIуцIизе**.<br>Жидеда рагьаралги рагьукъалги гьаркьал цоцалъ журарал слогал ва цIияб хIарпгун рагIаби **цIализе**.<br>Жидеда рагьаралги рагьукъалги гьаркьал цоцалъ журарал слогал ва церего лъазарурал хIарпал гьорлъ ругел рагIаби **цIализе**.<br>Геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал битIун цIалиялде кIвар **кьезе.**<br>Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал битIун абиялда кIвар **кьезе**.<br>Сюжетиял суратазда тIасан хабар **гIуцIизе**.<br>Хабаралда цIар **лъезе.**<br>Сюжетияб сураталда тIасан лъурал суалазе жавабал **кьезе**.<br>Текстал **цIализе**.<br>Текстазул аслияб пикру **загьир гьабизе**.<br>Кицабазул магIна **бицине**.<br>Интонацияги цIунун, предложениял **цIализе**.<br>Предложениялъул авалалда ва хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвалеблъи **бичIчIизе**.<br>«ХIарпазул ленталда» лъазарурал хIарпаз ккураб бакI **бихьизабизе**.<br>Лъазарурал киналго гьаркьал дандекквезе ва тIелазде **рикьизе**.<br>ХIасил гьабизе лъурал суалазе жавабал **кьезе**.<br>Мисалалъе кьураб лъазабулеб хIарпалъул анализ **гьабизе**, кIудиял ва гьитIинал рагьарал |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | гьитIинаб хIарп **Я, я;**<br>**[цI]** гьаракь, **ЦI, цI** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **ЦI, цI;**<br>**[п]** гьаракь, **П, п** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **П, п;**<br>**[хъ]** гьаракь, **Хъ, хъ** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Хъ, хъ;**<br>**[къ]** гьаракь, **Къ, къ** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Къ, къ;**<br>**[хь]** гьаракь, **Хь, хь** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Хь, хь;**<br>**[кь]** гьаракь, **Кь, кь** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Кь, кь;**<br>**[Гъ]** гьаракь, **Гъ, гъ** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Гъ, гъ;**<br>Авар мацIалъе хасиятал гьаркьал ва хIарпал.<br>**[э]** гьаракь, **Э, э** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Э, э;**<br>**[ъ]** гьаракь, **ъ** хIарпал. ХIарп **ъ;**<br>**ь** хIарп;<br>**[ы]** рагьараб гьаракь.<br>**[ф]** гьаракь, **Ф, ф** хIарпал. КIудияб ва гьитIинаб хIарп **Ф, ф;**<br>**Ю, ю; Ё, ё** рагьарал гьаркьал. | | хIарпазул бутIаби **рихьизаризе**.<br>Лъазарулел хIарпазул бутIаби (элементал) битIун **абизе**.<br>Басмаялъулал ва хъвавул хIарпал **дандекквезе**.<br>Лъазарулел хIарпал батIи-батIиял материалаздаса **гьаризе**.<br>МицIиразул суратал **рахъизе**.<br>Кьураб мисалалда рекъон лъазарулел хIарпал **хъвазе**.<br>Хъвараб хIарпалъул анализ гьабизе, бищунго лъикI хъвараб вариант тIасабищизе, хъвадарулаго гьеб варианталде **мугъ чIвазе**.<br>Тетрадалда хъварал лъазарулел хIарпал мисалалъе кьуразда **дандекквезе**.<br>Баян кьолаго, лъазарулел хIарпал гъорлъ ругел слогал, рагIаби ва предложениял **хъвазе**.<br>Дарсида жинца гьабураб хIалтIуе кьимат **кьезе**. |
| | **Авар мацIалъул курс (15 сагIат)** | | | |
| 1 | **РагIи. Предложение. Текст** | Калам. ГIадамазе калам сундуе къваригIун бугеб.<br>Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи. Каламалъулъ рагIул бугеб кIвар. РагIуца тIубалеб хъулухъ. МагIнаялъул рахъалъ дандекколел рагIаби цоцазда рухьин.<br>Каламалъул бутIа хIисабалда предложение, текст ва гIумруялда жаниб гьезул бугеб кIвар. | 5 | Калам предложениязде, предложениял рагIабазде **риххизе**.<br>Учебникалъулгун, гьелъул бугеб кIвараЛъулгун ва гьелъул гIуцIиялъулгун **лъай-хъвай гьабизе**.<br>РагIабазе суалал **лъезе**.<br>РагIул бугеб кIваралда хадуб **халкквезе** (рагIуца щивниги, щийниги, щибниги абула; рагIи ккола предметалъул, гьелъ бихьизабулеб ишалъул, гIаламаталъул цIар).<br>Предложениялъулъ цояб ра- |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | гIудаса цогиялъе магIнаялъулал суалал **лъезе**.<br>Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьеналда хадуб **халкквезе**.<br>Тексталъул ва предложениялъул гIуцIиялда хадуб **халкквезе**.<br>Тексталъул ва предложениялъул анализ **гьабизе**.<br>Тексталда цIар **лъезе**.<br>Учебникалдаса текст цIализе ва гьенир лъурал суалазе жаваб **кьезе**.<br>РагIабаздасан предложениял, предложенияздасан тексал **гIуцIизе**. |
| 2 | **Гьаркьал ва хIарпал** | Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал гьаркьал ва хIарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: **гь, гъ, гI, кь, къ, кI, лъ, тI, хь, хъ, хI, цI, чI**.<br>Геминатал ва гьел рихьизарулел хIарпал: **кк, кIкI, лълъ, сс, хх, цц, цIцI, чч, чIчI**.<br>Лабиалиял гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: **гв, кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, кьв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чIв, цв, цIв.**<br>РагIи ва слог. Слогалккун рагIаби цIияб мухъиде роси. | 5 | Фонетикиялгин графикиял баянал гIаммлъизаризе ва гьездаса пайда **босизе**.<br>Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал цоцаздаса **ратIа гьаризе**.<br>РагIулъ гьаркьал рихьизаризе ва гьел битIун **абизе**.<br>РагIулъ ругел рагьарал гьаркьазул къадаралде балагьун, слогазул къадар **чIезабизе**.<br>РагIулъ гьаркьица ккураб бакI бихьизабизе, гьеб гьаракь битIун абизе ва хъвавулъ хIарпалдалъун битIун **бихьизабизе**.<br>13 хасаб гьаракь мухIканго абизеги гьел рихьизарулел хIарпал битIун хъвазеги **ругьунлъизе**.<br>Геминатал битIун абиялда ва гьел рихьизарулел хIарпал гъорлъ ругел рагIаби битIун хъваялда хадуб **халкквезе**.<br>Геминатал гъорлъ ругел рагIаби битIун цIалиялде ва хъваялде **кIвар кьезе**.<br>Лабиалиял гьаркьал битIун абизе **ругьунлъизе**.<br>Хъвавулъ гьел гьаркьал хIарпаздалъун битIун рихьизариялде **кIвар кьезе**.<br>РагIул бутIа хIисабалда слогалъул хIакъалъулъ бугеб бичIчIи **мухIкан гьабизе**. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Рагьараб гьаракьалъухъ балагьун, рагӀулъ слогазул къадар **чӀезабизе**. РагӀаби слогазде **рихxизе**. Цо мухъидаса цоги мухъиде рагӀаби рикьун росиялъул къагӀидаби **лъазаризе**. Слогалккун абун, рагӀаби хъвазе **ругьунлъизе**. |
| | | Контролияб диктант | 1 | Текст битӀун хъван бугищали **хал гьабизе**. ГъалатӀал тӀатинаризе, гьезул анализ гьабизе ва гьел **ритӀизаризе**. Гьабураб хӀалтӀуе къимат **кьезе**. |
| **3** | **Каламалъул бутӀаби** | **Щив? щий? щиб? щал?** абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметал рихьизарулел рагӀаби ккей. **Кинав? кинай? кинаб? кинал?** абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀаби ккей. **Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабизе бугеб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб?** абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предметалъул иш бихьизабулел рагӀаби ккей.<br><br>*Проект:* «ХӀеренал рагӀабазул квацӀи» | 4 | Предметал рихьизарулел рагӀабазе суалал **тӀасарищизе.** Щив? щий? щиб? щал? абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби ратӀа гьаризе, ай щибаб рагӀуе батӀи-батӀияб суал лъезе ккеялъул **бицине.** Щив? щий? щиб? щал? абурал суалазе жаваблъун рачӀунел рагӀаби предложениялъулъ бетӀерал членаллъун рукӀине бегьиялъул **бицине.** Предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀабазе лъолел суалазулгун **лъай-хъвай гьабизе.** Жал жанир ругел яги гьечӀел тексталги дандеккун, предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀабазул каламалъулъ бугеб кӀвар **баян гьабизе**. Предметазул батӀи-батӀиял гӀаламатал **абизе.** Предметазул хӀакъалъулъ бицанкӀаби ракӀалде щвезаризе яги **гӀуцӀизе.** Предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀабигун рагӀабазул дандраял **хъвазе**. Предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀаби предложениялъулъ **ралагьизе.** Предметазул гӀаламатал рихьизарулел рагӀабиги гъорлъе ккезарун, предложениял ургъизе; гьел рагӀабиги тӀаде |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | журан, предложениял **тIири-тIизаризе.**<br>Предметаз гьабулеб иш бихьизабулел рагIабазда хадуб **халккквезе**.<br>Предметазул иш бихьизабулел рагIабазе суалал лъезе; гьел рагIабигун предложениял яги текст **гIуцIизе**.<br>Предметазул иш бихьизабулел рагIабазул каламалъулъ бугеб кIвар **бихьизабизе.**<br>«ХIеренал рагIабазул квацIи» абураб проекталъулъ **гIахьаллъизе.** |

**2 КЛАСС 34 САГIАТ)**

| № | Тема, курсалъул раздел | Лъазабизе кколеб материал | СагIтазул къадар | Гьаризе кколел халтIабазул тайпаби |
|---|---|---|---|---|
| 1 | **РагIи, предложение, текст** | Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. Каламалъул бутIа хIисабалда предложение ва текст. Каламалъулъ предложениялъ тIубалеб аслияб хъулухъ. Каламалъул бутIа хIисабалда текст.<br><br>*ТIаде балагьун, текст хъвай. Кьураб темаялдаса текст гIуцIи.* | 6 | Учебникалъулгун, гьелъул бугеб кIваралъулгун ва гьелъул гIуцIиялъулгун **лъайхъвай гьабизе**.<br>РагIул бугеб аслияб кIваралъул **бицине**.<br>Тексталъулъ предложениязда гьоркьоб бугеб бухьеналда хадуб **халккквезе**.<br>Тексталда цIар **лъезе**.<br>Форма хисараб тексталъул анализ **гьабизе**.<br>Жиндир гIаламатаздалъун цогидаб хъвай-хъвагIаялдаса текст **батIа гьабизе.**<br>БичIчIун текст **цIализе**.<br>Тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе ва тема **чIезабизе**.<br>Кьураб тексталъе кьезе, цIар **тIасабищизе**.<br>Кьураб темаялдасан текст **гIуцIизе**.<br>ТIаде балагьун, берцинго ва бацIцIадго **хъвазе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | **кьезе**. |
| 2 | **Гьаркьал ва хIарпал** | Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал гьаркьал ва хIарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хIарпал.<br>**Е, ё, ю, я** хIарпал. **[й]** рагьукъаб гьаракь ва **й** хIарп.<br><br>*Сюжеталъулаб суратaлдаса сочинение.* | 7 | Гьаркьал ва хIарпал цоцаздаса **ратIарахъизе.**<br>Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал **ратIарахъизе**.<br>РагIул гьаркьилаб ва гьаркьилабгин хIарпилаб анализ **гьабизе**.<br>РагIулъ ругел рагьарал гьаркьазул къадарги слогазул къадарги **дандекквезе**.<br>РагIаби слогазде **рикьизе.**<br>Авар мацIалъулъ ругел рагьарал гьаркьазул ва хIарпазул къадаралъул хIакъалъулъ **бицине**.<br>Рагьукъал гьаркьал абулеб куц бихьизабизе ва гьезул гIаламатал **гIаммлъизаризе.**<br>**Е, ё, ю, я** рагьарал хIарпаз кIи-кIи гьаракь бихьизабулеблъи **бичIчIизабизе.**<br>**Ё** хIарп авалалда бугел рагIаби битIун хъвазе **ругьунлъизе.**<br>Рагьукъаб гьаракь **й** ва рагьараб гьаракь **и** **дандекквезе**.<br>**Й** хIарпалъул битIунхъваялде **кIвар кьезе**.<br>Сюжетиял суратаздаса сочинение **хъвазе.**<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| 3 | **Авар мацIалъе хасиятал гьаркьал ва хIарпал** | Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: **гъ, гь, гI, къ, кь, кI, лъ, тI, хъ, хь, хI, цI, чI.**<br><br>*Словарияб диктант.*<br>*ТIаде балагьун, текст хъвай.*<br>*Суратaлдасан текст гIуцIи.*<br>*Суалазда рекъон изложение.* | 3 | Авар мацIалъе хасиятал гьаркьал рихьизаризе ва гьел битIун абиялде **кIвар кьезе**.<br>Авар мацIалъе хасиятал гьаркьал рихьизарулел хIарпал битIун хъвазе бугеб бажари **камиллъизабизе.**<br>Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал битIун абиялде кIвар кьун, кучIдул пасихIго **цIализе.**<br>Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал гъорлъ ругел рагIаби, предложениял ва текстал тIаде балагьун **хъвазе**.<br>БицанкIабазе жавабал **кьезе**. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Словариял диктантал **хъвазе**.<br>Сюжеталъулаб суратаздасан, лъурал суалазе жавабалги кьун, текст **гІуцІизе**.<br>Тексталда цІар **лъезе**.<br>БитІун хъвазе захІматал рагІабазде кІварги кьун, суалазда рекъон, изложение **хъвазе**. |
| **4** | **Ш, Щ гьаркьал ва хІарпал** | **[Щ], [Ш]** рагьукъал гьаркьал ва гьел хІарпаздалъун рихьизари. | 1 | **Ш, щ** гьаркьал цоцаздаса **ратІарахъизе.**<br>**Ш, щ** рагьукъал гьаркьал битІун абиялде **кІвар кьезе**.<br>**Ш, щ** рагьукъал гьаркьал рихьизарулел хІарпал гъорлъ ругел рагІаби битІун хъвазе **ругьунлъизе**.<br>Гьабураб хІалтІуе къимат **кьезе**. |
| **5** | **Геминатал** | Геминатал (хІухьелалъул тІадецуй кутаклъизабун абулел) ва гьел рихьизарулел хІарпал: **кк, кІкІ, чч, чІчІ, сс, хх, цц, цІцІ, лълъ.**<br>Рагьукъал гьаркьал **[кк], [кІкІ], [чч].**<br>Рагьукъаб гьаракь **[чІчІ].**<br>Рагьукъаб гьаракь **[сс].**<br>Рагьукъаб гьаракь **[хх].**<br>Рагьукъаб гьаракь **[цц].**<br>Рагьукъаб гьаракь **[цІцІ].**<br>Рагьукъаб гьаракь **[лълъ].**<br><br>*Проект* «Авар мацІалъул гІажаибал гьаркьал».<br>*Грамматикиял тІадкъаялгун диктант.*<br>*Сюжетияб сураталдаса сочинение.* | 8 | Кинал гьаркьазда геминатал абулебали **бичІчІизе**.<br>Цо-цо рагІабазулъ, геминатал рихьизаризе, цого хІарп кІиго нухалъ хъвалеблъи **лъазе.**<br>Геминатал битІун абиялда ва гьел рихьизарулел хІарпал рагІабазулъ битІун хъваялда хадуб **халкквезе.**<br>**[Кк], [кІкІ], [чч], [чІчІ]** гьаркьал рихьизарулел хІарпазул битІунхъвай **лъазабизе.**<br>**Кк, кІкІ, чч, чІчІ** гъорлъ ругел рагІаби кколеб куцалда цІализе ва битІун **хъвазе**.<br>Словараздаса пайдаги босун, геминатал гъорлъ ругел рагІабазул магІна баян **гьабизе**.<br>Суратаздасан ва геминатал гъорлъ ругел рагІабаздасан предложениял **гІуцІизе**.<br>Геминат бихьизабизе, цо-цо рагІулъ цо-цо хІарп, цогидал рагІабазулъ цого хІарп кІиго нухалъ хъвалеблъи хІужжабаздалъун **чІезабизе**.<br>Геминатал гъорлъ ругел рагІаби битІун хъвазе бажарулебищали хал гьабизе, диктант **хъвазе**.<br>**[Сс], [хх], [цц], [цІцІ], [лълъ]** |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | гьаркьал рихьизарулел хIарпазул битIунхъвай **лъазабизе.** **[Сс], [хх], [цц], [цIцI], [лълъ]** гьаркьал гъорлъ ругел рагIаби битIун цIализе ва хъвавулъ гьел гьаркьал битIун рихьизаризе бугеб бажари **цебетIезабизе**. Словараздаса пайдаги босун, гьел геминатал гъорлъ ругел рагIабазул магIна баян **гьабизе**. ТIадехун кьурал геминатал рихьизаризе, цо-цо рагIулъ цо-цо хIарп, цогидал рагIабазулъ цого хIарп кIиго нухалъ хъвалеблъи хIужжа-баздалъун **чIезабизе**. БицанкIабазе жавабал чIвазе ва гьел жавабал **хъвазе**. Кицаби ва абиял рекIехъе **хъвазе** ва гьезул магIна **баян гьабизе**. «Авар мацIалъул гIажаибал гьаркьал» абураб проекталъулъ **гIахьаллъизе** Сюжеталъулаб сураталдасан хабар гIуцIизе ва гьелда цIар **лъезе**. Гьабураб хIалтIуе кьимат **кьезе**. |
| | | *Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант.* | 1 | Тект битIун хъван бугищали **хал гьабизе**. ГъалатIал тIатинаризе, гьезул анализ гьабизе ва гьел **ритIизаризе**. Кьурал тIадкъаязул анализ **гьабизе**. Гьабураб хIалтIуе кьимат **кьезе**. |
| **6** | **Лабиалиял гьаркьал** | Лабиалиял (кIутIби цере цIутIизарун рахъулел) рагьукъал гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: **кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, къв, хв, хъв, хъв, св, щв, шв, гъв, гъв, гв, чIв, цв, цIв.**<br><br>*ГIинзул диктант.*<br>*Берзул диктант.*<br>*Словарияб диктант.*<br>*Сюжетияб сураталдасан* | 2 | Лабиалиял гьаркьазул хаслъи баян **гьабизе.** Лабиалиял гьаркьал битIун **абизе.** Хъвавулъ лабиалиял гьаркьал битIун рихьизаризе бугеб бажари **цебетIезабизе**. Берзулгин гIинзул ва словариял диктантал **хъвазе**. БицанкIабазе жавабал чIвазе ва гьел жавабал **хъвазе**. Суратаздасан предложениял |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | *хабар гIуцIи.*<br>*ТIаде балагьун, текст хъвай.* | | гIуцIизе ва **хъвазе**.<br>ТIаде балагьун, текст **хъвазе**. Кицаби цIализе ва гьезул магIна баян **гьабизе**.<br>Сюжеталъулаб сураталдасан хабар гIуцIизе ва гьелда цIар **лъезе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| 7 | **Ь, Ъ хIар-пал** | **Ъ, ь** хIарпал. **Ъ** хIарпалъ мукъулукъил тIарада лъугьунеб гьаракь бихьизаби. **Ь** хIарпалъ рагьукъаб гьаркьил тамахлъи бихьизаби. | 1 | **Ъ, ь** хIарпаз тIубалеб хъулухъалда хадуб **халкквезе (ъ** ишараялъ мукъулукъил тIарада лъугьунеб гьаракь бихьизабула ва рагьукъаб гьаракь хадуб бачIунеб рагьараб гьаркьидаса тIезабула. **Ь** ишараялъ гIурусалдаса авар мацIалде рачIарал рагIабазулъ рагьукъаб гьаркьил тамахлъи бихьизабула).<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| 8 | **Алфавит** | Алфавит. ХIарпазул цIарал. ГIадамазул гIумруялъулъ алфавиталъул бугеб кIвар.<br><br>*Суалазда рекъон тексталъул изложение.*<br>*Цереккунго хIадурлъун диктант.* | 3 | Авар алфавиталъулгун лъай-хъвай **гьабизе**.<br>Алфавиталъул хIарпал битIун **абизе.**<br>Практикаялъулъ алфавиталдаса пайда босизе бугеб бажари **цебетIезабизе**.<br>Сулазда рекъон тексталъул изложение **хъвазе.**<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| 9 | **РагIи ва слог** | Слог, рагIулъ слогазул къадар. Цо мухъида инчIеб рагIи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босиялъул къагIидаби.<br><br>*ТIаде балагьун текст хъвай.*<br>*Сураталдасан къокъаб хабар гIуцIи.* | 2 | Абулаго батIабахъулеб рагIул бутIа хIисабалда слогалъул хIакъалъулъ цIалдохъабазул бугеб бичIчIи мухIкан **гьабизе**.<br>Рагьараб гьаракьалъухъ балагьун, рагIулъ слогазул къадар чIезабизе бугеб бажари **цебетIезабизе**.<br>РагIаби слогазде рикьизе бугеб бажари **цебетIезабизе**.<br>РагIаби рикьун росиялъул къагIидабазулгун **лъай-хъвай гьабизе.**<br>Цо мухъидаса цоги мухъиде рагIаби рикьун росиялъул бажари **лъугьинабизе**.<br>**Ахикь, раххан, руччаби** гIадал рагIаби цо мухъидаса |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | цогиялде росиялъул къагIидаби **лъазе**.<br>Сюжетияб сураталдасан къокъаб хабар **гIуцIизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| **10** | **Ударение** | Ударение. РагIабазул магIна хисиялъулъ ударениялъул бугеб кIвар. РагIулъ ударение бугебги гьечIебги слог. | 1 | РагIулъ ударение бугеб бакI **бихьизабизе.**<br>Ударение битIун лъезе бугеб бажари **цебетIезабизе.**<br>РагIабазул магIна хисиялъулъ ударениялъул бугеб кIваралда хадуб **халкквезе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| **11** | **Калам** | Калам. Калам ва гIумруялда жаниб гьелъул бугеб кIвар. КIалзул ва хъвавул калам. Тексталъул тема. Тексталъулъ предложениязул тартиб. Предложениялъул авалалда кIудияб хIарп, ахиралда лъалхъул ишараби.<br><br>*ГIинзул диктант.*<br>*Берзул диктант.*<br>*Суалазда рекъон изложение.* | 4 | Сундуе калам къваригIун бугебали **бицине**.<br>Инсанасул гIумруялъулъ мацIалъ тIубалеб хъулухъалъул хIакъалъулъ гара-чIвари **гьабизе.**<br>КIалзул ва хъвавул каламалъул хаслъабазул хIакъалъулъ **баян кьезе**.<br>Тексталъул тема **баян гьабизе**.<br>Текст предложениязде **биххизе**.<br>Тексталъулъ предложениязул гIурхъи **чIезабизе.**<br>Предложениялъул авалалда кIудияб хIарп, ахиралда тIанкI, суалияб ялъуни ахIул ишара лъезе бугеб бажари **цебетIезабизе**.<br>Предложениял, тIаде балагьун, **хъвазе**.<br>Суалазда рекъон тексталъул изложение **хъвазе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| **12** | **Предложение ва текст** | Текст, тексталъул гIаламатал, тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцада рухьин, тексталда цIар лъей.<br>Тексталъул план, тексталъул тайпаби: хабарияб, сипатияб, пикрияб.<br><br>*ТIаде балагьун, текст хъвай.* | 5 | РагIаби ва предложениял **дандекквезе.**<br>БатIи-батIиял формабазда ругел рагIабаздасан предложениял **гIуцIизе**.<br>Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен **чIезабизе**.<br>Тексталъул хаслъабазда (гIаламатазда) хадуб **халкквезе**: предложениял цоцазда рухьин, цIар лъезе рес |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | *Планалда рекъон изложение.* | | букӀин, тематикияб цолъи. Тексталъул бутӀабазда хадуб **халкквезе**.<br>Тексталъул тайпаби **рихьизаризе.**<br>Текстал **гӀуцӀизе**.<br>Живго жиндаго чӀун, слогалккун абулаго, предложениял ва текстал учебникалдаса **хъвазе**.<br>Хабарияб тексталъул план гӀуцӀизе ва, гӀуцӀараб планалда рекъон, изложение **хъвазе**.<br>Гъабураб хӀалтӀуе къимат **кьезе**. |
| **13** | **Авар мацӀалъе хасиятал гъаркьал ва хӀарпал** | Авар мацӀалъе хасиятал рагъукъал гъаркьал ва гьел рихьизарулел хӀарпал: **гъ, гь, гӀ, къ, кь, кӀ, лъ, тӀ, хъ, хь, хӀ, цӀ, чӀ.**<br>Геминатал (хӀухьелалъул тӀадецуй кутаклъизабун абулел) ва гьел рихьизарулел хӀарпал: **кк, кӀкӀ, чч, чӀчӀ, сс, хх, цц, цӀцӀ, лълъ.**<br><br>*Суалазда рекъон изложение. Цо кинаб бугониги темаялда тӀасан сочинение* | 4 | 13 рагъукъаб гъаракь мухӀканго абизе ва гьел рихьизарулел хӀарпал битӀун хъвазе бугеб бажари **цебетӀезабизе.**<br>Болъаби цӀезаризе ва кӀи-кӀи ишараялдасан гӀуцӀарал хӀарпал гъорлъ ругел рагӀаби ургъизе ва **хъвазе**.<br>БицанкӀаби **чӀвазе.**<br>Кицаби гӀуцӀизе ва гьел каламалъулъ **хӀалтӀизаризе**.<br>РагӀабазул фонетикияб разбор **гьабизе**.<br>Шарадабазе ва бицанкӀоялъе жавабал **кьезе.**<br>Геминатал гъорлъ ругел рагӀаби битӀун цӀализе ва хъвавулъ гьел битӀун рихьизаризе бугеб бажари **цебетӀезабизе.**<br>Предложение ва текст гӀуцӀизе бугеб бажари **камиллъизабизе.**<br>Сверухъ тӀабигӀаталда хадуб халкквеялъул къучӀалда жиндирго хабар гӀуцӀизе бугеб бажари **цебетӀезабизе**.<br>Гъабураб хӀалтӀуе къимат **кьезе**. |
| **14** | **Каламалъул бутӀаби. Предметияб цӀар** | Предметияб цӀар. Гьелъул гӀаммаб магӀна ва гӀаламатал. Предметияб цӀаралъул суалал: **щив? щий? щиб? щал?**<br>ГӀадамазул цӀаразулъ, фамилиябазулъ кӀудияб | 7 | ГӀаммаб лексикияб магӀнаялдалъун ва суалаздалъун цогидал каламалъул бутӀабазулъ предметияб цӀар **лъазабизе**.<br>РагӀи предметиб цӀарлъун кколеблъи хӀужжабаздалъун |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | хIарп.<br>ХIайваназул тIокIцIаразулъ кIудияб хIарп.<br>БакIазул цIаразулъ кIудияб хIарп.<br><br>*Сюжетияб сураталдаса сочинение.*<br>*Грамматикиял тIадкъаял-гун диктант.* | | **бихьизабизе**.<br>ГIаммал ва хасал предметиял цIарал цоцаздаса **ратIа гьаризе** ва гьединал предметиял цIаразул мисалал **рачине**.<br>Цо-цо предметиялл цIарал гIаммалги хасалги рукIунел-лъи **бичIчIизе**.<br>Хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп **хъвазе**.<br>ХIайваназул цIаралги ва тIокIцIаралги цоцаздаса **ратIарахъизе**.<br>Сюжетияб сураталдасан хабар **гIуцIизе**.<br>Каламалъулъ предметиял цIарал лъурал суалазда рекъон хисизаризе бугеб бажари **цебетIезабизе.**<br>БицанкIаби **цIализе** ва гьезие жавабал **ратизе.**<br>БатIи-батIиял формабазда ругел рагIабаздасан предложе-ниял **гIуцIизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| **15** | **Прилага-тельное** | Прилагательное. ГIаммаб магIна. Прилагательноялъул гIаламатал. Прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари.<br>Прилагательноял цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси.<br>ГIага-шагараб магIная-лъулги гIаксаб магIнаялъул-ги прилагательноял.<br><br>*Сураталдасан сипатияб со-чинение.*<br>*Суалазда рекъон изложе-ние.* | 5 | **Кинав? кинай? кинаб? кинал?** абурал суалазе жаваб-лъун рачIунел рагIабаз пред-метазул гIаламатал рихьиза-рулеллъи **бичIчIизе**.<br>Каламалъулъ прилагательнояз тIубалеб хъулухъалда хадуб **халкквезе** (прилагательноял гъорлъ ругел ва гьел гьечIел текстал дандеги ккун.<br>Предложениялъулъ прилага-тельноязе суалал **лъезе**.<br>Предметиял цIаразе магIная-лъул рахъалъ дандекколел прилагательноял **тIасари-щизе** ва гьел предметиял цIаралгун **рекъон ккезаризе**.<br>Прилагательноял цолъул ва гIемерлъул формаялда **хисизаризе.**<br>Предметалъул хасаб тIабгI, хасият-гIамал бихьизабизе, батIи-батIиял прилагательно-ял (синонимал рукIа, антони-мал рукIа) **тIасарищизе**. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Сипатияб текст **гӀуцӀизе**, гьелда цӀар лъезе, гьелъул анализ **гьабизе.**<br>Цоял предметал цогиязда цо кинаб бугониги гӀаламаталдалъун (масала, кӀодолъигьитӀинлъиялдалъун, тӀагӀамалдалъун, кьералдалъун, роценалдалъун ва гь.ц.) **дандекквезе.**<br>Учебникалдаса текстал **хъвазе** ва гьезулъ прилагательноял **ралагьизе**.<br>Суалазда рекъон изложение **хъвазе**.<br>Гьабураб хӀалтӀуе къимат **кьезе**. |
| **16** | **Глагол** | Глагол**.** ГӀаммаб магӀна. Глаголалъул гӀаламатал. Каламалъулъ глаголазул бугеб кӀвар.<br>Глаголал цолъул ва гӀемерлъул формаялде хиси.<br>Глаголал батӀи-батӀиял заманазде хиси.<br>ГӀага-шагараб магӀнаялъулги гӀаксаб магӀнаялъулги глаголал (синонимал ва антонимал).<br><br>*Суалазда рекъон изложение.* | 4 | ГӀаммаб лексикияб магӀнаялдалъун ва суалаздалъун цогидал каламалъул бутӀабазулъ глагол **лъазабизе**.<br>РагӀи глаголлъун кколеблъи хӀужжабаздалъун **бихьизабизе**.<br>Предложениялъулъ глаголазе суалал **лъезе.**<br>Каламалъулъ заманалъул батӀи-батӀиял формабазда глаголал хӀалтӀизариялда хадуб **халкквезе.**<br>Цолъул ва гӀемерлъул формаялде ва заманазде глаголал **хисизе** (терминал абичӀого, суалазул кумекалдалъун).<br>ГӀага-шагараб магӀнаялъулги гӀаксаб магӀнаялъулги глаголал каламалъулъ **хӀалтӀизаризе.**<br>Суалазул кумекалдалъун хабар **гӀуцӀизе.**<br>Гьабураб хӀалтӀуе къимат **кьезе.** |
| | | *Грамматикиял тӀадкъаялгун диктант.* | 1 | Текст битӀун хъван бугищали **хал гьабизе**.<br>ГъалатӀал **тӀатинаризе**, гьезул анализ **гьабизе** ва гьел **ритӀизаризе**.<br>Кьурал тӀадкъаязул анализ **гьабизе**.<br>Гьабураб хӀалтӀуе къимат **кьезе**. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 17 | **Такрар гьаби** | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва хъвавулъ гьел рихьизари.<br>Предметияб цIар, прилагательное, глагол. Каламалъул бутIаби хIисабалда предложение ва текст.<br><br>*Сюжетияб сураталдасан сочинение.* | 3 | Гьаркьал ва хIарпал цоцаздаса ратIарахъизеги гьел битIун абизеги бугеб бажари **цебетIезабизе**.<br>Фонетикияб разбор **гьабизе**.<br>Лабиалиял гьаркьазда ва геминатазда хадуб **халкквезе**.<br>Кицабазул магIна **баян гьабизе**.<br>Предметияб цIар, прилагательное ва глагол каламалъулъ хIалтIизаризе бугеб бажари **цебетIезабизе**.<br>БатIи-батIиял формабазда ругел глаголал ва прилагательноял битIун хъвазе бугеб бажари **камиллъизабизе**.<br>Тексталъул хаслъи ва бутIаби рихьизаризеги, тексталъулъ предложение батизеги, предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазеги, ахиралда къваригIараб лъалхъул ишара лъезеги бугеб бажари **цебетIезабизе**.<br>Сюжетияб сураталдасан хабар **гIуцIизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |

**3 КЛАСС (34 САГIАТ)**

| № | Тема, курсалъул раздел | Лъазабизе кколеб материал | СагIтазул къадар | Гьаризе кколел халтIабазул тайпаби |
|---|---|---|---|---|
| 1 | **КIиабилеб классалда лъазабураб материал такрар гьаби** | МацIалъул ва каламалъул бутIа хIисабалда текст, предложение ва рагIи. Предмет, предметалъул гIаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагIаби.<br>Каламалъулъ предложениялъул бугеб кIвар. Текст, тексталъул бутIаби, тексталъул бутIабазда гьаркьоб бугеб бухьен. | 7 | Учебникалъулгун **лъай-хъвай гьабизе**.<br>ГIадамазул гIумруялъулъ каламалъул бугеб кIвараралъулги кIалзул ва хъвавул каламалъул хаслъабазулги **бицине**.<br>Суратаздасан текстал **гIуцIизе**.<br>Текстазе цIарал **кьезе**.<br>Текстазул темаби **баян гьаризе.**<br>Текстазулъ предложениязул |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал; слог гIуцIиялъулъ рагьарал гьаркьазул бугеб кIвар. **Е, ё, ю, я** рагьарал хIарпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал.<br><br>*ТIаде балагьун текст хъвай.*<br>*Берзулабгун гIинзулал диктантал.*<br>*Грамматикиял тIадкъаялгун диктант.* | | къадар **чIезабизе** (щибаб предложениялъулъ цо сундулниги бицуна, щибаб предложениялъул ахиралда гьаракь гIодоцинабула, лъалхъи гьабула).<br>Предложениялъул хIакъалъулъ бугеб лъай мухIкан **гьабизе**.<br>Хъвавул ва кIалзул каламалъулъ предложениял цоцаздаса ратIа **гьаризе**.<br>Цо кинаб бугониги темаялда тIасан текст **гIуцIизе**.<br>Тексталъул ратIатIурал предложенияздаса бугеб батIалъи **бихьизабизе.**<br>Суалаздалъун каламалъул бутIаби **рихьизаризе**.<br>БатIи-батIиял рагIабазул дандраял **гIуцIизе** (прилагательное + предметияб цIар, предметияб цIар + прилагательное).<br>Учебникалдаса текстал ва предложениял, цебеккунго гьезул анализги гьабун, тIаде балагьун **хъвазе**.<br>Гьаракь ва хIарп, рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъулаго, рагIабазул гьаркьилабгин хIарпалъулаб анализ **гьабизе**.<br>ХIарпазе характеристика **кьезе**.<br>Гьаркьалги хIарпалги рагIулъ битIун абиялда хадуб **халкквезе.**<br>Геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун цIализе ва гьел рихьизарулел хIарпал битIун **хъвазе**.<br>**Щцин, квачI** гIадал рагIабазул фонетикияб разбор **гьабизе**.<br>Сюжетияб сураталдасан хабар **гIуцIизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| **2** | **Предложение. РагIабазул дандрай** | Предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тIалабияб. Интонациялде балагьун, ахIул предложение.<br>Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказу- | 10 | Предложениялъул хаслъабазда хадуб **халкквезе**.<br>Сураталдасан магIнаялъул рахъалъ цоцазда рухьарал предложениял **гIуцIизе**.<br>Жидеца бицунеб жоялъул мурадалъухъ ва интонациялъухъ балагьун, рикьун ругел хабариял, суалиял, тIалабиял ва |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | емое ва битIараб дополнение.<br>Предложениялъул бетIерал гурел членал (терминал кьечIого, суалаздалъун).<br>Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.<br>РагIабазул дандрай. РагIабазул дандраязулъ аслияб-ги нахъбилълъарабги рагIи. РагIабазул дандраязулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.<br><br>*Цо кинаб бугониги темаялда тIасан сочинение. Ругьунлъиялъул изложение.* | | ахIул предложениязда хадуб **халкквезе**.<br>Предложениялъулъ рагIабазе магIнаялъулал суалал **лъезе**.<br>Предложениялъул грамматикияб аслу **бихьизабизе**.<br>Предложениялъул бетIерал гурел членал **ратизе**.<br>Предложениялъулъ рагIабазул дандраял **ратIа гьаризе**.<br>РагIабазул дандраял **гIуцIизе**.<br>Предложениязул гIурхъи **чIезабизе**.<br>Сураталдасан предложениял **гIуцIизе**.<br>Цо кинаб бугониги темаялда тIасан сочинение **хъвазе**.<br>Суалаздалъун текс цIидасан **гIуцIизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| **3** | **РагIул гIуцIи** | МагIна гIагарал рагIаби. Кьибил ва кьибил цоял рагIаби. Кьибил цоял рагIаби ва цого цо рагIул формаби. РагIул ахир ва аслу. Суффикс. Ахиразул кумекалдалъун рагIул форма хиси ва суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьин. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял.<br><br>*Проект* «Кьибил гьотIол гуребги букIуна»<br>*Сураталдасан сочинение. Суалазда рекъон изложение.* | **7** | ГIаммаб бутIа ва гIаммаб магIна **бихьизабизе**.<br>Кьибил цоял рагIаби ралагьизе, кьибил **бихьизабизе**.<br>Кьибил цоял рагIаби ва цого цо рагIул формаби **дандекквезе**.<br>РагIул гIуцIиялъул схемаялъул анализ гьабизе ва гьелъие рагIаби **тIасарищизе**.<br>РагIул ахир ва аслу **бихьизабизе**.<br>Ахиралъ тIубалеб хъулухъ **бихьизабизе** (предложениялъулъ ва рагIабазул дандраялъулъ ахиралъ рагIаби магIнаялъул рахъалъ цоцалъ рекъезарула).<br>РагIулъ суффикс **бихьизабизе**.<br>РагIулъ суффиксалъул магIна **баян гьабизе**.<br>Суффиксалъул кумекалдалъун цIиял рагIаби **лъугьинаризе**.<br>РагIул гIуцIиялъул разбор **гьабизе**.<br>Аслуялъулъ гьаркьал хисиялъул къагIидабазулгун **лъайхъвай гьабизе**.<br>РагIабиги батIи-батIиял формабазде хисун, предложениял **гIуцIизе**.<br>Суалазда рекъон хабарияб |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | текст **гIуцIизе**.<br>«Кьибил гъотIол гуребги букIуна» абураб проекталъулъ **гIахьаллъизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| | | *Грамматикиял тIадкъаялгун диктант.* | 1 | Текст битIун хъван бугищали **хал гьабизе**.<br>ГъалатIал тIатинаризе, гьезул анализ гьабизе ва гьел **ритIизаризе**.<br>Кьурал тIадкъаязул анализ **гьабизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| **4** | **Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар** | Авар мацIалъул каламалъул бутIаби: предметияб цIар, прилагательное, глагол. Каламалъул бутIаби цоцаздаса ратIарахъи. Каламалъул бутIабазул синтаксисияб роль.<br>Хабарияб текст (гIаммаб бичIчIи).<br>Предметияб цIаралъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Хасал ва гIаммал предметиял цIарал. Хасал предметиял цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Предметияб цIаралъул жинс: чиясул, чIужуялъул ва гьоркьохъеб. Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма. ГIицIго цолъул формаялда хIалтIизарулел яги гIицIго гIемерлъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал. Предметиял цIарал падежазде свери **(асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. ва жинда п.).**<br><br>*Хабарияб тексталъул изложение.*<br>*Ругьунлъиялъул изложение.*<br>*Словарияб диктант.*<br>*ГIинзул диктант.*<br>*Берзул диктант.* | 18 | МагIнаялъухъ, суалазухъ ва предложениялъулъ тIубалеб хъулухъалъухъ балагьун, каламалъул бутIаби **лъазаризе**.<br>Каламалъул бутIабазде рагIаби **рикьизе**.<br>Цо кинаб бугониги каламалъул бутIа гъорлъеги ккезабун, предложениял **гIуцIизе**.<br>Хабарияб тексталъул хаслъабазулгун **лъай-хъвай гьабизе**.<br>Предметияб цIаралъул лексикияб магIнаялъулгун ва гьелъие лъолел суалазулгун **лъай-хъвай гьабизе**.<br>Предметияб цIаралъул хIакъалъулъ бичIчIи **лъугьинабизе**.<br>Каламалъулъ предметиял цIараз тIубалеб хъулухъалда хадуб **халкквезе**.<br>Инсан вихьизабулел предметиял цIарал цогидал предметиял цIараздаса ратIа гьаризе, гьезие битIун суалал **лъезе**.<br>РагIул лексикияб магIна мухIкан **гьабизе**.<br>ГIезегIанго предметиял цIаразул цо чанго магIна (ай гIемер магIна) букIиналде кIвар **буссинабизе**.<br>ГIаммал ва хасал предметиял цIарал **дандекквезе**.<br>Хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе кколеб- |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | *Грамматикияб тIадкъаялгун диктант.* | | лъи ракIалде **щвезабизе**.<br>ХIайваназул цIараздаги хIайваназда лъурал тIокIцIараздаги гьоркьоб бугеб батIалъи **бихьизабизе**.<br>Цо-цо предметиял цIарал гIаммаллъунги хасаллъунги рукIунеллъи **лъазабизе**.<br>Предметияб цIаралъул жинс бихьизабиялъул къагIидабазулгун **лъай-хъвай гьабизе**.<br>Предметиял цIаразда рухьарал рагIабазул жинсиял гIаламатаздалъун жинс **чIезабизе**.<br>МагIнаялде ва суффиксазде балагьун, цолъул ва гIемерлъул формаялда ругел рагIаби **ратIа гьаризе**.<br>Каламалъулъ цIикIкIун хIалтIизарулел предметиял цIарал цолъул ва гIемерлъул формабазде **хисизаризе**.<br>Предметиял цIарал падежазде **сверизаризе**.<br>Падежазул хаслъабазда хадуб **халкквезе**.<br>Суалаздалъун рагIабазул дандраялъулъ ва предложениялъулъ предметияб цIаралъул падеж **чIезабизе**.<br>БатIи-батIиял падежазул формабазда ругел предметиял цIаразул предложениялъулъ бугеб кIваралъулгун **лъай-хъвай гьабизе**.<br>Подлежащеелъун ккараб предметияб цIаралъул падеж **бихьизабизе**.<br>Кьурал грамматикиял гIаламатаздалъун предметиял цIаразда гьоркьоса цояб **тIасабищизе**.<br>Предметиял цIаралъул разбор гьабизе: ай жинс, падеж, форма **бихьизабизе**.<br>БицанкIаби чIвазе ва жавабал **хъвазе.**<br>БатIи-батIиял темабазда тIасан харбал (текстал) **гIуцIизе**.<br>Цо лъихъениги кагътал **хъвазе**.<br>Ругьунлъиялъул изложение **хъвазе**.<br>ГIинзулалгин берзулал диктан- |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | тал **хъвазе**.<br>Грамматикиял тIадкъаялгун диктант **хъвазе**.<br>Диктанталъулъ ккарал гъалатIазул анализ **гьабизе**. |
| 5 | **Прилага-тельное** | Прилагательноялъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ.<br>Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьун рукIин. Цого яги гIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял. Прилагательноял-антонимал каламалъулъ хIалтIизари.<br>Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси.<br>Сипатияб текст, гьелъулъ прилагательноялъул бугеб кIвар.<br><br>*Цо лъилниги яги сундулниги сипат-сурат гьабун сочинение* | 6 | Прилагательноялъул гIаламатазулгун **лъай-хъвай гьабизе**.<br>Каламалъулъ прилагательнояз тIубалеб хъулухъалда хадуб **халкквезе**.<br>Тексталъулъ прилагательноял суалазул кумекалдалъун **рихьизаризе**.<br>Предметияб цIаралда прилагательное бараб букIин **баян гьабизе**.<br>Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен **чIезабизе**.<br>Прилагательноял-синонимазул ва прилагательноял-антонимазул хIакъалъулъ бугеб лъай гъварид гьабизе, каламалъулъ гьел битIун **хIалтIизаризе**.<br>Прилагательное жинсазде хисиялда хадуб **халкквезе**.<br>Тексталъулъ ва предложениялъулъ прилагательнозул жинс, цолъул ва гIемерлъул форма **бихьизабизе**.<br>Прилагательноялъул цолъул ва гIемерлъул формаялъул суффиксал битIун **хъвазе**.<br>Предметиял цIаразе рекъон ккарал прилагательноял **тIасарищизе** («прилагательное + предметияб цIар» гIадал рагIабазул дандраял гIуцIизе).<br>Прилагательноялгун предметиял цIарал **рухьине**.<br>Предложениялъулъ прилагательноялъ тIубалеб хъулухъ **бихьизабизе**.<br>Прилагательноялгун предложениял **гIуцIизе** (схемаялда рекъонги).<br>Берзулгин гIинзул диктантал **хъвазе**.<br>БицанкIабазе жавабал ратизе ва гьел **хъвазе**.<br>Сипатияб тексталъул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабизе, сипатияб текст гIуцIизе ва |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | гІуцІараб тексталъул анализ гьабизе, гьелъие къимат **кьезе**. Грамматикиял тІадкъаялгун, контролияб диктант **хъвазе**. |
| | | *Грамматикиял тІадкъаялгун диктант.* | 1 | Текст битІун хъван бугищали **хал гьабизе**. ГъалатІал тІатинаризе, гьезул анализ гьабизе ва гьел **ритІизаризе**. Кьурал тІадкъаязул анализ **гьабизе**. Гьабураб хІалтІуе къимат **кьезе**. |
| **6** | **РикІкІен** | РикІкІеналъул магІна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рикІкІенал ва гьезул битІунхъвай. *ГІинзул диктант.* | 2 | РикІкІеналъул хІакъалъулъ бичІчІи кьезе, рикІкІеналъул лексикияб магІнаялъулгун ва гьелъие лъолел суалазулгун лъай-хъвай гьабизе, каламалъулъ гьелъ тІубалеб хъулухъалда хадуб **халкквезе**. Тексталъулъ рикІкІенал битІун **хъвазе**. РикІкІенал предметиял цІаралгун рухьун рукІунеллъи **бичІчІизе.** Къадаралъул рикІкІеналда хадуб предметияб цІар кидаго цолъул формаялда букІунеблъи **лъазе**. БицанкІабазе жавабал **ратизе**. ГІинзул диктант **хъвазе.** |
| 7 | **Глагол** | Глаголалъул магІна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тІубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цІаргун рекъон ккей. Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманазде хиси: бачІунеб, гьанже, араб, гІахьалаб заман. Цого яги гІага-шагарал магІнаялъул глаголалги гІаксаб магІнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гІемер магІнаялъул глаголал. БитІараб ва хъвалсараб магІнаялъул глаголал. Пикрияб тексталъул | 12 | Каламалъул бутІа хІисабалда глаголалъул хаслъиялда хадуб **халкквезе**. Цогидал каламалъул бутІабазулъ, магІнаялде ва суалазде балагьун, глагол **бихьизабизе**. Нилъер каламалъулъ глаголалъ тІубалеб хъулухъ **бихьизабизе**. Глаголазул лексикияб магІна мухІкан **гьабизе** (гІемер магІна букІин, синонимал, антонимал). Цо ва гІемер магІнаялъулги битІараб ва хъвалсараб магІнаялъулги глаголал каламалъулъ **хІалтІизаризе.** Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазулгун **лъай-хъвай гьабизе.** Предложениялъулъ рагІаби |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 8 | | хаслъаби.<br><br>*Проект* «РагIул хIакъалъулъ хабар».<br>*Сураталдасан сочинение.*<br>*Пикру загьир гьабун сочинение.*<br>*Ругьунлъиялъул изложение.*<br>*Баян гьабиялъул диктант.* | | **рекъонккезаризе**.<br>Глаголал заманазде ва формабазде хисиялда хадуб **халкквезе**.<br>Суалалде ва магIнаялде балагьун, глаголалъул заман ва цолъул ва гIемерлъул форма **чIезабизе**.<br>Араб, бачIунеб заманалъул гIадатал ва составиял формаби **лъугьинаризе**.<br>Суалаздалъун араб заманалъул глаголал ратIа **гьаризе**.<br>БачIунеб ва гIахьалаб заманалъул глаголал **ратIа гьаризе**, гьезие суалал **лъезе**.<br>Суалазул кумекалдалъун гьанже заманалъул глаголал **ратIа гьаризе**, цогидал заманаздаса гьел **лъугьинаризе**.<br>Суалаздалъун глаголалъул мурадияб форма **лъазабизе.**<br>Предложениялъулъ бугеб глаголалъул кIварги бихьизабун, предложениялъул синтаксисияб разбор **гьабизе**.<br>Глаголалги гъорлъе ккезарун, предложениял **гIуцIизе**.<br>Пикрияб тексталъул хаслъабазулгун **лъай-хъвай гьабизе**. Пикриял текстал **гIуцIизе**.<br>«РагIул хIакъалъулъ хабар» абураб проекталъулъ гIахьаллъизе.<br>Жиндирго пикруги загьир гьабун, сочинение **хъвазе**.<br>Баян гьабиялъул диктант **хъвазе**.<br>Грамматикиял тIадкъаялгун, контролияб диктант **хъвазе**. |
| | | *Грамматикиял тIадкъаялгун диктант.* | 1 | Текст битIун хъван бугищали **хал гьабизе**.<br>ГъалатIал **тIатинаризе**, гьезул анализ **гьабизе** ва гьел **ритIизаризе**.<br>Кьурал тIадкъаязул анализ **гьабизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| 8 | **ЛъагIалида жаниб лъазабураб** | Текст ва предложение. Каламалъул бутIаби. | 3 | Каламалъулъ предложениялъул ва рагIул бугеб кIваралъул хIакъалъулъ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **материал лъазаби** | | | щвараб лъай мухӀкан **гъабизе**. «Предложение» ва «РагӀи» абурал бичӀчӀиял **дандекквезе**. Предложениял членазде **риххизе** (ай предложениялъул синтаксисияб разбор гъабизе). Тексталъул гӀаламатал ракӀалде **щвезаризе**: тематикияб цолъи букӀин, аслияб пикру загьир гьаби, тексталъул гӀуцӀи, тексталъул бутӀаби цоцазда рухьин, тексталда цӀар лъей. Суалаздалъун ва магӀнаялдалъун каламалъул бутӀаби **ратӀа гьаризе**. Гьабураб хӀалтӀуе къимат **кьезе**. |

## 4 КЛАСС (17 САГӀАТ)

| № | Тема, курсалъул раздел | Лъазабизе кколеб материал | СагӀтазул къадар | Гьаризе кколел халтӀабазул тайпаби |
|---|---|---|---|---|
| 1 | **Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби** | Каламалъул бутӀа хӀисабалда предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби.<br>Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби.<br>Предложениялъул бетӀерал ва бетӀерал гурел членал.<br>Предложениялъулъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен.<br>РагӀабазул дандрай.<br><br>*ГӀинзул диктант.*<br>*Берзул диктант.*<br>*Сюжетияб сураталдасан сочинение.*<br>*Планалда рекъон изложение.* | 6 | Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениял тайпабазде **рикьизе**.<br>Тексталъулъ хабариял, суалиял, тӀалабиял ва ахӀул предложениял **ратизе**.<br>Предложениялъул ахиралда лъезе лъалхъул ишара **тӀасабищизе**.<br>Предложениязул схемаби **гӀуцӀизе**.<br>Предложениялъулъ бетӀерал ва бетӀерал гурел членал **рихьизаризе**.<br>Предложениялъулъ рагӀабазда гьоркьоб бухьен **чӀезабизе**.<br>РагӀабаздасан предложениял **гӀуцӀизе.**<br>ГӀинзулалгин берзулал диктантал **хъвазе**.<br>Сюжетияб сураталдасан сочинение **хъвазе.**<br>Живго жиндаго чӀун гӀуцӀараб планалда рекъон изложение **хъвазе**. |
| | | *Грамматикиял тӀадкъаялгун диктант.* | 1 | Текст битӀун хъван бугищали **хал гьабизе**. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Цебе лъураб масъала **бичIчIизе**.<br>ГъалатIал тIатинаризе, гьезул анализ гьабизе ва гьел **ритIизаризе**.<br>Кьурал тIадкъаязул анализ **гьабизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| 2 | **Предложение. РагIабазул дандраял** | Предложение.<br>Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал.<br>Предложениялъул тайпа цоял членал. Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизари.<br>Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби.<br>Союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизарурал тайпа цоял членалгун гIадатал предложениял ва журарал предложениял цоцазда дандекквей.<br>ХитIабгун предложениял.<br>Жубараб предложение.<br>РагIабазул дандрай.<br><br>*Проект «Лъалхъул ишарабазул хIакъалъулъ реццалъул рагIи»*<br>*Планалда рекъон изложение.*<br>*Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант.* | 18 | Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениял тайпабазде **рикьизе**.<br>Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби битIун **лъезе**.<br>Предложениялълъ хитIаб **балагьизе.**<br>ХитIабгун предложениял **гIуцIизе**.<br>Предложениялъул бетIерал членал ратIа гьаризе ва ва гьел ралагьиялъул къагIидаби **баян гьаризе**.<br>БетIерал ва бетIерал гурел членал цоцаздаса **ратIа гьаризе**.<br>Предложение, рагIабазул дандрай ва рагIи цоцазде дандекквезе ва гьезда гьоркьоб бугеб релълъенлъи ва батIалъи **бихьизабизе**.<br>Суалазул кумекалдалъун рагIабазул дандраялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен **бихьизабизе**.<br>Предложениялълъ тайпа цоял членал хIалтIизариялдаги гьезда гьоркьоб бугеб бухьеналдаги хадуб **халкквезе**.<br>Тайпа цоял членал гьорлъ ругел текстазул ва предложениязул анализ **гьабизе**. Тексталълъ тайпа цоял членал гьорлъ ругел предложениял **ратизе**.<br>Тайпа цоял членал гьорлъ ругел предложениял цIалулаго, дандекколеб интонация **цIунизе**.<br>Тайпа цоял членалгун предложениялълъ лъалхъул |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | ишараби **лъезе**. Союз гьечIогоги **-ги, ва, амма** союзазул кумекалдалъунги цолъизарурал тайпа цоял членалгун предложениял **гIуцIизе.** «Лъалхъул ишарабазул хIакъалъулъ реццалъул рагIи» абураб проекталъулъ **гIахьаллъизе.** Киназго цадахъ гIуцIараб планалда рекъон изложение **хъвазе**. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант **хъвазе.** |
| **4** | **Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар** | Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар. Предметияб цIаралъул жинс. Цолъул формаялда предметиял цIарал гIадатал падежазде свери. ГIадатал падежал: аслияб падеж, актив падеж, кьовул падеж, хаслъул падеж. Предметиял цIарал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери. БакIалъул падежазул суалал ва гьел суалазда рекъон предметиял цIарал хисизари. Падежазул ахиразул битIунхъвай. ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери.<br><br>*Берзул диктант.*<br>*ГIинзул диктант.*<br>*Хабарияб текстальул изложение.* | 18 | Лъазарурал каламалъул бутIаби цоцаздаса **ратIарахъизе**. Лъазарурал гIаламатазул кьучIалда рагIаби каламалъул бутIабазде **риххизе**. Каламалъул бутIабазул грамматикиял гIаламатазул анализ **гьабизе**. Предметиял цIарал ратIарахъизе, гьезие хасал гIаламатал **рихьизаризе**. Падежазул хаслъабазда хадуб **халкквезе**. Лъурал суалаздаса пайдаги босун, предметияб цIаралъул падеж **бихьизабизе**. ГIадатал падежазул батIибатIияб формаялда ругел предметиял цIараз предложениялъулъ тIубалеб хъулухъ **бихьизабизе**. Предметиял цIарал гIадатал падежазде **сверизаризе**. Предметиял цIарал падежазде свериялъул тайпабазулгун лъай-хъвай **гьабизе**. БакIалъул падежазулгун, жидеда цIарал абичIого, практикияб къагIидаялъ **лъай-хъвай гьабизе**. ГIадатал ва бакIалъул падежазул магIнаялда ва предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъалда хадуб **халкквезе**. БакIалъул падежазул суалал **лъазаризе**. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | БакIалъул падежазул суалал предметиял цIаразе битIун лъезе, суалазул кумекалдалъун предметиял цIарал **хисизаризе**.<br>Суалазул кумекалдалъун рагIабазул дандраялъулъ ва предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен **чIезабизе**.<br>Каламалъулъ предметияб цIаралъул батIи-батIиял формаби **хIалтIизаризе**.<br>Падежазул ахирал битIун хъвазе бугеб бажари **цебетIезабизе**.<br>ГIадатал ва бакIалъул падежазда ругел предметал гьорлъеги ккезарун, предложение ва текст **гIуцIизе.**<br>Падежиял ва магIнаялъулал (синтаксисиял) суалал цоцаздаса **ратIарахъизе**.<br>Тексталъулъ, падежиял суалаздаса пайдаги босун, предметиял цIарал **ратIа гьаризе**.<br>БицанкIаби **чIвазе**.<br>Берзулгин гIинзул диктантал **хъвазе**.<br>ГIенеккун бичIчIараб хабарияб тексталъул изложение **хъвазе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| | | *Грамматикиял тIадкъаялгун диктант.* | 1 | Текст битIун хъван бугищали **хал гьабизе**.<br>Цебе лъураб масъала **бичIчIизе**.<br>ГъалатIал тIатинаризе, гьезул анализ гьабизе ва гьел **ритIизаризе**.<br>Къурал тIадкъаязул анализ **гьабизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |
| **5** | **Прилагательное** | Прилагательноялъул лексикияб магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ.<br>Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва гIемер- | 4 | Каламалъулъ прилагательноялъ тIубалеб хъулухъалда хадуб **халкквезе.**<br>Къураб предметияб цIаралъе магIнаялъул рахъалъ рекъонкколел прилагательноял **тIасарищизе**. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | лъул формаялъулъ хиси.<br>Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде свери.<br>Прилагательноязул битIунхъвай.<br><br>*Проект* «БицанкIабазулъ прилагательноял».<br>*Хабарияб тексталъул изложение.*<br>*Лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабураб сочинение.* | | «Прилагательное + предметияб цIар» гIадал рагIабазул дандраял гIуцIулаго, прилагательное предметияб цIаргун жинсалъулъ, цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ **рекъонккезабизе.**<br>Предметияб цIаргун цадахъ бугеб мехалъ прилагательное падежазде свериялъул хаслъиялда хадуб **халкквезе.**<br>Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде битIун **сверизаризе**.<br>«БицанкIабазулъ прилагательноял» абураб проекталда **гIахьаллъизе**.<br>Берзулгин гIинзул диктантал **хъвазе**.<br>Сураталдасан сипатияб текст **гIуцIизе**. |
| **6** | **ЦIарубакI** | Каламалъул бутIа хIисабалда цIарубакI.<br>ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб гъумералъул цIарубакIал.<br>Гъумералъул цIарубакIал падежазде свери.<br>ЦIарубакIал каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъи.<br>ЦIарубакIазул битIунхъвай.<br><br>*Сюжетияб сураталдасан сочинение.* | 3 | Каламалъулъ цIарубакIаз тIубалеб хъулухъалъулгун **лъай-хъвай гъабизе**.<br>Гъумералъул цIарубакIазда хадуб **халкквезе**.<br>Тексталъулъ цIарубакIал **рихьизаризе**.<br>Тексталъулъ такрарлъулел предметиял цIарал дандеккарал цIарубакIаздалъун **хисизе**.<br>ЦIарубакIазул битIунхъваялде **кIвар кьезе**.<br>Такрарлъулел предметиял цIарал цIарубакIаздалъунги хисун, тексталъулъ гъалатIал **ритIизаризе**.<br>Цебеккунго хIадурлъиги гъабун, сюжетияб сураталдасан сочинение **хъвазе**. |
| **7** | **Глагол** | Каламалъул бутIа хIисабалда глагол: глаголалъул лексикияб магIна, глаголазул суалал.<br>Глаголияб цIар.<br>Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма.<br>Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. | 16 | Глагол цогидал каламалъул бутIабазулъ **батизе.**<br>ЦIарулал каламалъул бутIабаздаса глагол **батIабахъизе**.<br>БитIараб ва хъвалсараб магIна бугел глаголал,глаголал-синонимал ва глаголал-антонимал каламалъулъ **хIалтIизаризе.**<br>Глаголияб цIаралъулгун лъай-хъай **гъабизе**.<br>Глаголазул байбихьул форма- |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Глаголал заманазде хиси: араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал.<br>Глаголазул битIунхъвай. Хабарияб тексталъул гIуцIи.<br><br>*Проект* «Салам кьеялъул низам, къагIида»<br>*Берзул диктант.*<br>*ГIинзул диктант.*<br>*Планалда рекъон изложение.* | | ялдаги заманазул формабазда-ги бугеб гьоркьоблъи **бихьизабизе.**<br>Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазда гьоркьоб бугеб батIалъи **бихьизабизе**.<br>Жинсиял глаголал предметияб цIаргун жинсгун формаялъулъ **рекъонккезаризе**.<br>Араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже зама-налъул составиял глаголал **лъазаризе**.<br>БатIи-батIиял заманазда ругел глаголалги гьоркьоре ккеза-рун, предложениял ва текст **гIуцIизе**.<br>«Салам кьеялъул низам, къагIида» абураб проекталда **гIахьаллъизе**.<br>Берзулгин гIинзул диктантал **хъвазе**.<br>Планалда рекъон тексталъул изложение **хъвазе**. |
| | | *Грамматикиял тIадкъаялгун диктант.* | 1 | Текст битIун хъван бугищали **хал гьабизе**.<br>Цебе лъураб масъала **бичIчIизе**.<br>ГъалатIал тIатинаризе, гьезул анализ гьабизе ва гьел **ритIизаризе**.<br>Кьурал тIадкъаязул анализ **гьабизе**.<br>Гьабураб хIалтIуе къимат **кьезе**. |

*Календарно-тематический план по аварскому языку.*

Авар калам. 1 класс (33 часа)

| № | Дарсил тема | Саг1тал | Дата | |
|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт |
| 1 | Калам. К1алзул ва хъвавул калам. Школа | 1 | 5.09 | |
| 2 | Предложение. Хъизан. | 1 | 12.09 | |
| 3 | Предложение ва раг1и. Пихъал. | 1 | 19.09 | |
| 4 | Рукъалъул ва г1алхул х1айванал. | 1 | 26.09 | |
| 5 | Раг1и ва слог. Овощал. | 1 | 3.10 | |
| 6 | Каламалъул гьаркьал. Х1алт1ул алатал. | 1 | 10.10 | |
| 7 | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Квен ва кванил ц1араг1. | 1 | 17.10 | |
| 8 | А, О, И, У, Е рагьарал х1арпал ва гьаркьал. | 1 | 24.10 | |
| 9 | Л, М, Н, Р, Й рагьарал х1арпал ва гьаркьал. | 1 | 7.11 | |
| 10 | 13 хасаб х1арп. Г1 х1арп ва гьаракь. «Маг1арулал». | 1 | 14.11 | |
| 11 | Т1 х1арп ва гьаракь. «Бечеги бурут1ги». | 1 | 21.11 | |
| 12 | К1 х1арп ва гьаракь. «Дир к1одо». | 1 | 28.11 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 13 | Х1 х1арп ва гьаракь. «Нижер х1елеко». | 1 | 5.12 | |
| 14 | Гь х1арп ва гьаракь. «Гьобо». | 1 | 12.12 | |
| 15 | Лъ х1арп ва гьаракь. «Лъар». | 1 | 19.12 | |
| 16 | Ц1 х1арп ва гьаракь. «Ц1алдохъан». | 1 | 20.12 | |
| 17 | Ч1 х1арп ва гьаракь. «К1ух1алалде кеч1». | 1 | 9.01 | |
| 18 | Хъ х1арп ва гьаракь. «Хъарт». | 1 | 16.01 | |
| 19 | Къ х1арп ва гьаракь. «Къверкъ». | 1 | 23.01 | |
| 20 | Хь х1арп ва гьаракь. «Рохь». | 1 | 30.01 | |
| 21 | Кь х1арп ва гьаракь. «Г1абдулагьил кьег1ер». | 1 | 6.02 | |
| 22 | Гъ х1арп ва гьаракь. «Гъут1бузул тохтир». | 1 | 13.02 | |
| 23 | 13 хасаб х1арп ва гьаракь такрар гьаби. Раг1абазул диктант. | 1 | 27.02 | |
| 24 | Я х1арп ва гьаракь. | 1 | 5.03 | |
| 25 | Ъ, Ы, Ь х1арпал. | 1 | 12.03 | |
| 26 | Ю, Е х1арпал ва гьаркьал. | 1 | 19.03 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 27 | Гьаркьал ва х1арпал. | 1 | 2.04 | |
| 28 | Гьаракь [кв]. | 1 | 9.04 | |
| 29 | Гьаркьал [к1в] [щв] | 1 | 16.04 | |
| 30 | Гьаркьал [гв] [гъв] [св] [чв] [ч1в] | 1 | 23.04 | |
| 31 | «Вацал г1адин рук1а» кеч1. | 1 | 7.05 | |
| 32 | «Их» кеч1. | 1 | 14.05 | |
| 33 | Диктант | 1 | 21.05 | |

## Календарно-тематический план по аварскому языку.

Авар мац1. 2 класс (34 часа)

| № | Дарсил тема | Саг1тал | Дата | |
|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт |
| 1 | Раг1и. Текст. Предложение. | 1 | 5.09 | |
| 2 | Гьаркьал ва х1арпал. | 1 | 12.09 | |
| 3 | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва х1арпал. | 1 | 19.09 | |
| 4 | Рагьарал гьаркьал ва х1арпал. | 1 | 26.09 | |
| 5 | Е, Е, Ю, Я х1арпал. | 1 | 3.10 | |
| 6 | Рагьукъал гьаркьал ва х1арпал. | 1 | 10.10 | |
| 7 | Й рагьукъаб гьаракь ва х1арп. | 1 | 17.10 | |
| 8 | Контролияб диктант. | 1 | 24.10 | |
| 9 | Авар мац1алъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва х1арпал. | 1 | 7.11 | |
| 10 | Геминатал. [КК], [К1К1], [ЧЧ] рагьукъал гьаркьал. | 1 | 14.11 | |
| 11 | [Ч1Ч1] рагьукъаб гьаракь. | 1 | 21.11 | |
| 12 | [СС] рагьукъаб гьаракь. | 1 | 28.11 | |
| 13 | [ХХ] рагьукъаб гьаракь. | 1 | 5.12 | |
| 14 | [ЦЦ], [Ц1Ц1] рагьукъал гьаркьал. | 1 | 12.12 | |
| 15 | [ЛЪЛЪ] рагьукъаб гьаракь. | 1 | 19.12 | |
| 16 | Контролияб диктант. | 1 | 26.12 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 17 | Лабиалиял гъаркьал. | 1 | 9.01 | |
| 18 | Ъ, Ь х1арпал. | 1 | 16.01 | |
| 19 | Алфавит. | 1 | 23.01 | |
| 20 | Раг1и ва слог. | 1 | 30.01 | |
| 21 | Ударение. | 1 | 6.02 | |
| 22 | К1алзул ва хъвавул калам. | 1 | 13.02 | |
| 23 | Предложение ва текст. | 1 | 20.02 | |
| 24 | Авар мац1алъе хасиятал гъаркьал ва геминатал. | 1 | 27.02 | |
| 25 | Калам цебет1езаби. | 1 | 5.03 | |
| 26 | Контролияб диктант. | 1 | 12.03 | |
| 27 | Предметияб ц1ар. | 1 | 19.03 | |
| 28 | Хасал ц1арал. Хасал ц1аразул бит1унхъвай. | 1 | 2.04 | |
| 29 | Прилагательное. | 1 | 9.04 | |
| 30 | Прилагательное жинс ва форма. | 1 | 16.04 | |
| 31 | Глагол. | 1 | 23.04 | |
| 32 | Глаголалъул заманаби. | 1 | 7.05 | |
| 33 | Лъаг1алида жаниб малъараб материал такрар гъаби. | 1 | 14.05 | |
| 34 | Контролияб диктант. | 1 | 21.05<br>28.05 | |

***Календарно-тематический план по аварскому языку.***

Авар мац1. 3 класс (34 часа)

| № | Дарсил тема | Саг1тал | Дата | |
|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт |
| 1 | **К1иабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби.** Калам.Текст. Предложение. Раг1и. | 1 | 7.09 | |
| 2 | Гьаркьал ва х1арпал. | 1 | 14.09 | |
| 3 | Геминатал ва лабиалиял гьаркьал. | 1 | 21.09 | |
| 4 | **Предложение.** Хабариял, суалиял ва т1алабиял предложениял. | 1 | 28.09 | |
| 5 | Ах1ул предложение. | 1 | 5.10 | |
| 6 | Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал. | 1 | 12.10 | |
| 7 | Предложениялъулъ раг1абазул бухьен. | 1 | 19.10 | |
| 8 | Контролияб диктант. | 1 | 26.10 | |
| 9 | **Раг1ул г1уц1и.** Маг1на г1агарал раг1аби. | 1 | 9.11 | |
| 10 | Кьибил. | 1 | 16.11 | |
| 11 | Раг1ул ахир ва аслу. | 1 | 23.11 | |
| 12 | Суффикс. | 1 | 30.11 | |
| 13 | Раг1ул аслуялъулъ гьаркьазул хиси. | 2 | 7.12<br>14.12 | |
| 14 | Калам цебет1езаби. | 1 | 21.12 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 15 | Контролияб диктант | 1 | 28.12 | |
| **16** | **Каламалъул бут1аби.** | **1** | 11.01 | |
| 17 | Предметияб ц1ар. | 1 | 18.01 | |
| 18 | Г1аммал ц1арал. | 1 | 25.01 | |
| 19 | Хасал ц1арал. | 1 | 1.02 | |
| 20 | Изложение | 1 | 8.02 | |
| 21 | Предметияб ц1аралъул жинс. | 1 | 15.02 | |
| 22 | Предметияб ц1ар формабазде хиси. | 1 | 22.02 | |
| 23 | Предметияб ц1ар падежазде свери. | 2 | 29.02<br>7.03 | |
| 24 | Контролияб диктант. | 1 | 14.03 | |
| **25** | **Прилагательное.** | **1** | 21.03 | |
| 26 | Прилагательноял жинсазде хиси. | 1 | 28.03 | |
| 27 | Прилагательноял формабазде хиси. | 1 | 4.04 | |
| 28 | Рик1к1ен. | 1 | 11.04 | |
| **29** | **Глагол.** | **1** | 18.04 | |
| 30 | Араб заман. | 1 | 25.04 | |
| 31 | Бач1унеб заман. | 1 | 2.05 | |
| 32 | Г1ахьалаб заман. | 1 | 16.05 | |
| 33 | Лъаг1алида жаниб малъараб материал такрар гьаби. | 1 | 23.05 | |
| **34** | **Контролияб диктант.** | **1** | 30.05 | |

*Календарно-тематический план по аварскому языку.*

Авар мац1. 4 класс ( 17часов)

| № | Дарсил тема | Саг1тал | Дата | |
|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт |
| 1 | Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби. Предложениялъул тайпаби. | 1 | 4.09 | |
| 2 | Предметияб ц1ар. Предметияб ц1аралъул жинс, форма, хасал ва г1амал ц1арал. | 1 | 18.09 | |
| 3 | Предметияб ц1аралъул г1адатал падежал. Бак1алъул падежал. | 1 | 2.10 | |
| **4** | **Контролияб диктант.** | 1 | 16.10 | |
| 5 | Прилагательное | 1 | 13.11 | |
| 6 | Ц1арубак1 | 1 | 27.11 | |
| 7 | Ц1арубак1азул бит1унхъвай. | 1 | 11.12 | |
| 8 | Глагол. Лъабабилеб классалда малъараб такрар гьаби. | 1 | 25.12 | |
| 9 | Глаголалъул заманаби. Глаголияб ц1ар. | 1 | 22.01 | |
| **10** | **Изложение** | 1 | 5.02 | |
| 11 | Предложение. Хабариял, суалиял ва ах1ул предложениял рак1алде щвезари. | 1 | 19.02 | |
| 12 | Предложениялъул бет1ерал членал рак1алде щвезари. | 1 | 4.03 | |
| 13 | Предложениязда жанир маг1наялъул рухьарал раг1аби. | 1 | 18.03 | |
| 14 | Тайпа цоял членал. Тайпа цоял членалгун лъалхъул ишараби. | 1 | 8.04 | |
| 15 | Тайпа цоял членазда цадахъ **я, ялъуни, амма союзал.** | 1 | 22.04 | |
| **16** | **Контролияб диктант.** | 1 | 13.05 | |
| 17 | Резерв | 1 | 27.05 | |